ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЕ ХАБЗЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№212 (21.120) ● 2007 гъэм жэпуэгъуэм и 31, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

«ЩЫпІэ самоуправленэм и лІыкІуэ органхэм я депутатхэр хэхыным и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэжьыныгъэхэр хэлъхьэн и лъэныкъуэкіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ**:

1. «ЩІыпІэ самоуправленэм и лІыкІуэ органхэм я депутатхэр хэхыным и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэжьыныгъэхэр хэлъхьэн и лъэныкъуэкіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр зэхьщтэн.

2. А Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым деж егъэхьын Іэ щІидзын икІи цІыхуэр щыгъуэзэ ищІын щхьэкІэ.

3. Мы Унафэм къару егъуэт ар къыщыдгъэ махуэм щыщІэдзауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі БЕЧЕЛОВ Ильас

Налшык къалэ
2007 гъэм жэпуэгъуэм и 25-м
№1277-П-П

«ЩЫпІэ самоуправленэм и лІыкІуэ органхэм я депутатхэр хэхыным и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэжьыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым 2007 гъэм жэпуэгъуэм и 25-м кІэщтам

«ЩІыпІэ самоуправленэм и лІыкІуэ органхэм я депутатхэр хэхыным и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №74-РЗ 2003 гъэм щыщкІэІум и 20-м къащтам мыпхуэдэ зэхъуэжьыныгъэхэр хэлъхьэн:

1. 8-1 статьяр дзщІыгъун мыпхуэдэ зэхэлъыкІэ иІэу:

«статья 8-1. «ЩІыпІэ самоуправленэм и советым и депутатхэр щыхахкІэ къагъэсэбэп хъунУ хэхыныгъэ системэхэр

1. «ЩІыпІэ самоуправленэм и советым и депутатхэр хэхыныр ирагъэкІуэкІ мы къэкІуэнухэм хуэдэ зэрыхах системэхэм ящыщ зы къагъэсэбэпУ:

1) кандидатхэм я спискэ зэхэущІахэр щІыгъуу зэрыхах системэ зэхэлъыр;

2) кандидатхэм я спискэ зэхэущІахэр щІыгъуу пропорциональнэу щыт зэрыхах системэр.

2. Зэрыхах системэу къагъэсэбэпым и лІэужьыгъуэр зыхэфащэ муниципальнэ щІыналъэм и зэхуэмыдэ щІыналъэм и уставымкІэ ямыгъэувамэ, къагъэсэбэпыр кандидатхэм я спискэ зэхэущІахэр щІыгъуу зэрыхах системэ зэхэлъыр.».

3. 12-1, 12-2 статьяхэр дзщІыгъун мыпхуэдэ зэхэлъыкІэ иІэу:

«Статья 12-1. Зыуэ щыт зэхыпІэ округ.

Пропорциональнэ зэрыхах системэм тету щІыпІэ самоуправленэм и советыр къыщыззрагъэпэщкІэ щІыпІэ самоуправленэм и советым и депутатхэр хэхыныр щрагъэкІуэкІ зыуэ щыт зэхыпІэ округым.

Статья 12-2. Зэрыхах системэ зэхэлъыр къыщагъэсэбэпкІэ зэхыпІэ округхэр

Кандидатхэм я спискэ зэхэущІахэр щІыгъуу зэрыхах системэ зэхэлъым тету щІыпІэ самоуправленэм и советыр къыщызэрагъэпэщкІэ щІыпІэ самоуправленэм и советым и депутатхэр хэхыныр щрагъэкІуэкІ зыуэ щыт зэхыпІэ округым икІи зы мандат (мандат куэд) зэхыпІэ округхэм. Апхуэдэм деж щІыпІэ самоуправленэм и советым и депутатхэм я процент щ ныкъуэр зыуэ щыт зэхыпІэ округым щыхах хэхныгъэхэм теухуа законодательствэм ипкъ иткІэ хэхакІуэ зэгухьэныгъэхэм депутатхэм я кандидатхэу къагъэлъэгъуахэм я спискэхэмкІэ Іуэу яІэта бжыгъэм хуэдиз хъуу. ЩІыпІэ самоуправленэм и депутатхэр я бжыгъэкІэ зэпэбжу щымытмэ, зыуэ щыт зэхыпІэ округым зы депутатКІэ нэхъыбэ щыхах, зы мандат (мандат куэд) зэхыпІэ округхэм щыхаххэм нэхърэ.».

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2007 гъэм жэпуэгъуэм и 29-м
№68-РЗ

ФІы къроКІуэ

● Дыгъуасэ

Дыгъуасэ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщі Ярин Андрей Іущіащ «Кавказрегионгаз» ООО-м и Іэтащхьэ Клепиков Юрий. Апхуэдэу зэІущІэм хэтащ КъБР-м гъэсыныпхъэ-энергетикэ комплексымрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэр бжьыхьэ-щІымахуэ лъэхъэнэм зэрырихьэлІа щІыкІэхэм, республикэм кьигъэсэбэп газым техуэ пщІэр зэрыщІытым, абы телъ щІыхуэр зэрипшынымрэ, 2008 гъэм КъБР-м газымкІэ и лимитым.

ЗэІущІэр ихуа нэужь, журналистхэр зыщІэупщІащэм жэуап кьратащ Ярин Андрейр Клепиков Юрийрэ.

Ярин Андрей жиІащ мыпхуэдэ зэІущІэхэр щІэх-щІэхьурэ ямыкІуэжьыгъэ щІыкІэм, ІкІуэ зэрефІэкІуэнур, апхуэдэуи кьыхигъэщащ республикэм тепІ щІыхуэм и тыжькІэ хъунУм, ильэс кьаКІуэ тариф политикэр зыхуэдэнум теуха псалъэмакъэр лъэныкъуэитІри арэзы кьищІыну зэрекІуэкІар:

- Ди Іуэхур кІуэ пэтми зэрефІакІуэр нэрылъагъуц. ИльэситІ ящкІэ республикэм тазымкІэ щІыхуэу сом мелуан 50 текІуэдамэ, 600-рэ тельамэ, нобэ сом мелардыр зытедгъэкІыжащ, кьэна сом мелуан 600-р план щхьэхуэм тету допшын.

Зэи къэмыхъуауэ зэпэгъуэм и 1-м ирихьэлІэу республикэм и Іуэхущ Іанлэ псори щІымахуэ лъэхъэнэм зэрыхуагъэхьэзырар, нэгьабэ а Іуэхум сом мелуан 50 текІуэдамэ, мы гъэм сом мелуани 116-рэ зэрыхухахар, иджыри инвестицэхэр зэрыхуауатІыпщыр, лэжьыгъэ пыухыкІаехэри зэрырагъэкІуэкІыр журналистхэм яжриІащ Ириным.

- ЦІыхуэхэм я псэуКІэр тынш зэращытщІыныр щ дэ лэжьыгъэм лъабжьэ хуэхъури, зэдаІуэ лей хэмылъу, хъарзынэу дыззэгурыІуащ, - жиІащ Клепиковым. - Дауи, гугъуэехь гуэрхэр хэлъщ Іуэхум, ауэ республикэм и унафэщІхэм щІыхуэр зэрызэтрагъэкІыным ерыщу зэрыхуущІэкъум, иджыпстУ кьагъэсэбэп газым и уасэр и чэзум зэратым кьагъэлъагъуэ ди зэпыщІэныгъэхэм щІэх-щІэхьурэ зэраІэр. Фейдэлъкъуэкъэр ди зэхуакъу кьыдэдмыгъэхьэу быдзу дызэпыщІауэ, дызэгурыІуэу дызэдэлэжьэныр Іэмал зимыІэщ.

КЪЭХЪУН Нэхунэ.



Зы мазэ хуэдиз дэкІмэ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***«Эмералд Групп» компанием и Іэщіагъэлъэныр зэрыжаІамкІэ, зы мазэ хуэдиз дэкІмэ, Новэ Зеландием и хъарычэтыщІэхэр республикэм къэкІуэнуц мэл дзыкъыфІ къэсэхъуэныгъэ дыт елъэкІ завод ухуэныгъэ я техникэ, финансэ планхэр яІыгъуэу. Абы теухуауэ Къэрэшей-Шэрджэсым и президент Батдыев Мустэфа иджыдагъэ аузр епсэлъащ.**

«ЭМЕРАЛ Групп» компанием и Іэщіагъэлъэныр зэрыжаІамкІэ, зы мазэ хуэдиз дэкІмэ, Новэ Зеландием нэхърэ зэрынэхъыфыр, абы къыхэкІыуІ, а къэралым къыщынуну быдыным, мэлым нэхъыфІу зэрызыщыужьыныр.

ХъэрычэтыщІэхэм къыщэрыхагъэщащІэ, абыхэм я мурадщ псори зэхэту мэл мини 150-рэ зыщІэхуэу фермэу пІы, лым елъэкь завод Урып районым щаухуэну. Ящ щыкІэ Іэщіагъэлъэныр Новэ Зеландием къыздрашынуц, нужькІэ, хуэм-хуэмурэ, республикэм и щыхуэр техникэм хуагъэсэнущ.

«Проектыр Къэрэшей-Шэрджэсым щытхуеІагъажьэу щытмэ, республикэм и Іэщіахуэхэм дерс абы щыхахьн хуейщ Іэщ лъэпкъыфІ къэгъэхъун, ар зехуэн и лъэныкъуэкІэ. ИкІи абы и фІыгъэкІэ ди мэкъумэш ІэнатІэм зыужьынырыгъэфІ игъуэтыну сыщогуть», - жиІащ республикэм и унафэщІ Батдыев Мустэфа.

ДохутырхэмкІэ къызэгъэпэщащ

АДЫГЕЙ. ***Мейкьуапэ къуаз админиграцэм Узынщагъэр хъуэныжьмкІэ и управленэм и унафэщІым и къуэдзэ Тупиковэ Еленэ зэрыжаІамкІэ, «Узынщагъэ» лъэпкъ проектыр реализацэ и къалэщІэхэм дагъэхэнщу щолажь.***

ТУПИКОВЭ Еленэ къыззрыхигъэщамкІэ, къалэ поликлиникэхэр терапевтхэмрэ сабий дохутырхэмкІэ процент 90-кІэ къызэгъэпэщащ.

Абы и щхьэусыгъуэуи къалъытэр ахэм я улахуэм хуэди 2,5-5-кІэ зэрыхухагъэхъаурэ. Ауэ узыфэ щхьэхуэсэм еІэзэхэм, псалъэм папщІэ, хирургэм, окулистхэм, травмотологхэм, нэгъуэщІхэми я улахуэр зэрыщытауэ кьэнэжащ. Ауэ диспансеризацэ зэрырагъэкІуэкІым щхьэкІэ абыхэми я ахъшэм мазэ къэс хущІагъу.

Къалэ администрацэм и лэжьакІуэм зэрыжиІамкІэ, Мейкьуапэ и поликлиникэхэм щыкІэ я кьащхэуащ медицинэ, диагностикэ оборудовэнэу сом мелуан 14 и уасэ, ауэ ахэр псори ихуэгъэлажьэркъым. Сыту жыпІэмэ, языныкъуэхэм пкъыгъуэ щхьэхуэхэр кьахуэтщІ. Ахэр кьыззращэхун ахъши яІэкъым.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

● ЩІэ

Унагъуэхэр ягъэІэпхъуэ

Тырныауэ кьалэм щыщІадзащ жьы хьуа, къэуэнкІэ щынагъуэу щыт унэхэм щІэс щыхуэхэр кьыщІэгъэІэпхъуэкІыныжьмкІэ программэр гъэзэщІэн.

КъАЛЭ администрацэм и унафэщІым и къуэдзэ Азубэгъ МуІэед кьызэрыджиІамкІэ, кьхьаэ хьуа уни 4-м щІэсхэр псэупІэ тэмэмэжьмкІэ кьызэрызэрагъэпэщын ахъшэ федеральнэ бюджетым кьыхэкІыу кьаІэрыхьащ. ФэтэрыщІэхэр кьратынущ Отаровым и цІэкІэ щыІэ уэрамым тет 3-нэ, 5-нэ, Нэгумэм и уэрамым тет 2-нэ, Бахьсэн уэрамым тет 18-нэ унэхэм щІэсхэм. Программэр ильэситхум тещІыхьащ.

САФРОНОВ Анатолэ.



Дыгъуасэ ди къралым щагъэлъэпІащ политикэ залымыгъэм и лей зытехьахэм я фэеплъыр.

Владивосток къыщыщІэдзауэ Калининград нэсыху кІэрТфэ уэздыгъэ минищэхэр щагъэуващ, пэкІуэхр щекІуэкІащ. ЗэкІэ кьызэралытэмкІэ (и бжыгъэр зыхуэдизыр иджыри тэмэму къаухуэхутакъым), 1921 - 1952 гъэхэм цІыху лажьэншэу мин 880-рэ ди къралым щаухІащ. Зи гъащІэр, зи унагъуэр зэтракъута цІыхуэхэм я бжыгъэр мелуан зыбжанэм щІегъу.

Дыгъуасэ УФ-м и Президент Путин Владимир Москва и гъунэгъуу щыІэ Бутыр фэеплъым удз гъэгъахэр трилъхьащ икІи къыщыпсэльащ. Абы къыхигъэщащ цІыху гъащІэм нэхъ льапІэ зэрыщымыІэр, ар кьизымыдзэ идеологиер гуэзвэгъуэкІэ зэрыгъэнщІар.

ГурагъаІуэмэ нэхъ къащтэ

УФ-м и Хэхакіуэ комиссэ нэхъыщхьэм щытрагъэщащ хэхыныгъэхэм хэт партхэм кьагъэсэбэныр папщІэ ират эфир зэманыр.

АрщхьэкІэ комиссэм и унафэщІ Чуров Владимир зэрыжиІамкІэ, ар кьагъэсэбэныр ядакъым партищым - «Зыуэ щыт Урысейм», Либерал партым, Урысейм и Либерал-демократие партым. Абыхэм нэхъ кьащтэ езыхэм я программэхэм цІыхуэхэр щыгъуазэ хуащІын папщІэ нэгъуэщІ Іэмалхэр кьагъэсэбэпыну. Псалъэм и хьэтыкІэ, «Зыуэ щыт Урысейм» и политсовет нэхъыщхьэм и секретарь Воробьев Андрей жиІащ «Путин и план» программэу езым и партыр зытетуэр зэмурадыр.

ЯгъэлъэпІэну загъэхьэзыр

Урысейм щэкІуэгъуэм и 7-р щагъэлъэпІэжьыркъым.

Апхуэдэу щытми, Октябрь революцэр илъэс 90 щрикъу мы гъэм, зэрыгурыІуэгъуэщи, ар нэхъ хуабжьу яІэтынущ. КПРФ-м и унафэщІ Зюганов Геннадий зэрыжиІамкІэ, гуфІэгъуэ Іуэхуэхэм хэтын папщІэ Москва къэкІуэнущ пашт 85-м я лІыкІуэхэу кьэрал 70-м кьикІынуэр.

Нэмыс щІыкІэ

Сауд Хьэрыщым и паштых, ильэс 84-рэ зи ныбжь Аль-Сауд Абдалла Инджылызым кІуащ.

Абы и мурадщ къэралитІым я зэхущытыкІэхэр иригъэфІэкІуэну. АрщхьэкІэ а къэралым нэмыс щІыкІэ ар Лондон техьущІыхьащ терроризмэм и бий бэнэныгъэм зэремыгугъум кьыхэхІыу. Пащтыхым и псалъэхэм тепщІыхьмэ, ильэс зыбжанэ ипэкІэ Сауд Хьэрыщым Инджылызым хьыбар иригъэщІауэ щытащ а Іуэхум террорист щІэпхьаджагъэ инхэр зэрыщалъэныкъмкІэ. АрщхьэкІэ ахэр кьызэпиудын папщІэ Лондон зыри ищІакъым.

Инджылызым и властхэм жаІэ апхуэдэ хьыбар гуэри яІэрымыхьауэ.

ПшагъуэмизэранкІэ

Москва пшагъуэ Іув щхьэщытщ.

Абы гугъу ищІащ аэропортхэм я лэжьыгъэр. Дунейм и щытыкІэм етыптауэ, зэм зэхущІ, зэмикьызэІуахьыж. Пком хуэмыдуэ Іуэхур щыгугъущ Домодедовэ аэропортым.

(ИТАР-ТАСС).



●Тенджыз ФІыцІэм и дунейпсо махуэщ. Абы егъэщІылІа къэралыхым я лІыкІуэхэм 1996 гъэм Истамбыл щрагъэкІуэкІа зэІущІэм щагъэуващ.

● Урысейм и СИЗО-хэмрэ лъэхъэуэцхэмрэ я лэжьакІуэхэм я махуэщ.

●Ильэс 65-рэ ипэкІэ (1942) Хэку зауэшхуэм и зэманым Кавказым щхьэкІэ екІуэкІа зэхэуэхэм Владикавказ и деж щызэхакъутащ нэмыщ фашистыдзэхэр.

●Осетие Ищхьэрэ-Алание, Ингуш республикэхэм ягу кьыщагъэкІыж 1992 гъэм Владикавказ и Къалэ гъунэ хьэблэм щыхэкІуэдахэр.

● Ильэс 50 ипэкІэ (1957) СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и указкІэ ягъуэщ «МафІэс кьыщыхьуам лІыгъэ зэрызэрихьам папщІэ» медалыр.

●Ильэс 40 ипэкІэ (1967) Октябрь Социалист революцэ Иныр зэрагъэлъапІэм и саулыкъуэкІэ ягъэуващ Октябрь Революцэм и орденыр.

● Санкт-Петербург щекІуэкІынущ СНГ-м и Парламент советым хэтхэм я зэІущІэ.

● ЖЭпуэгъуэм и 31 - щэкІуэгъуэм и 2-хэм Москва щекІуэкІынущ Медицинэ дэІэпыкъуэгъу псынщІэм и дохутырхэм я 2-нэ урысейпсо зэхуэсыр.

●ЖЭпуэгъуэм и 31 - жэпуэгъуэм и 2-хэм Санкт-Петербург щагъэлъэгъуэнущ «Медицинэр гъащІэр егъэфІэкІуэным щІобэн» дунейпсо выставкэр.

●Ильэс 85-рэ ипэкІэ кьалъхуащ театрымрэ киномрэ я актер, СССР-м и цІыхуэ артист Папанов Александр (1922 - 1987).

● 1952 гъэм кьалъхуащ УФ-м и кьэрал лъжьакІуэ, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и ГъэзэщІакІуэ комитетым хэт Хъупсырокъуэ Назир.

●Индием и кьэрал, политикэ лъжьакІуэ, Индием и премьер-министр (1966 - 1977, 1980 - 1984 гъэхэм), Мамырыгъэм и Ленин саугъэтым и лауреат Ганди Индирэ (1917 - 1984) и фэеплъ махуэщ.

●Дыгъэр кьыщІэкІащ сыхьэти 6-рэ дакьикъэ 43-м, кьухьажьынущ сыхьэт 16-рэ дакьикъэ 58-м.

●Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэти 10-рэ дакьикъэ 15-рэ.

Псалъэр зыхэлъхьэжьыгъэр ПАЛ Мухьэмэдщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Насыпыр езыр-езыру къакІуэркъым.

● Мэкъумэш

Мэкъумылэ щыщІэнукъым

Май районым и мэкъумэш Іуэхущ Іапхъэм, мэкъумылэ гъэхьэзырным щегугъуащ.

«НОВОИВАНОВСКОЕ» ЗАО-м щІымахуэм хуигъэтІылъакІэщ силос тонн 11921-рэ, мэкъу тонн 950-рэ, сенаж тонн 912-м щигъу. Ахэм мэкъумылэр кьаймымэщІэкІыу щІымахуэр пІейтеинщэу ирахынущ.

«Александровская» агрофирмэми а лэжьыгъэм щегугъуащ, ауэ «Красная нива» СХПК-м Іуэхур кІыхьлІыхь щохьу. Хозяйствэм игъэтІылъэ силос тонн 3350-р Іэщ 1105-м я деж кІэ мащІэщ, мэкъу тонн 255-рэ яІэми. Ауэ бжыгъэхэм хэхъуэныу, силосыпхъэу Іуахьыжьи иджыри яІэщІ.

Нужь дыдэу кьызэрабжамкІэ, районым и хозяйствэ псоми мэкъумылэ единицэ тонн 13750-рэ е Іэщ кьэс хуэдэу центнер 25,3-рэ ягъэтІылъащ. Абы щыщу мэкъумэш Іуэхущ Іапхъэм ягъэхьэзыращи я мэкъумылэ единицэ тонн 6390-рэ е Іэщ кьэс хуэдэу центнер 22,9-рэ.

ЧЫНТ Чым.

● Гу зылъытапхъэ

Пхъэидзэ ирагъэкІуэкІ

«Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къралым Думэм и депутатхэр хэхыным и Іуэхукіэ» Федеральнэ Законым икІи «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр хэхыным и Іуэхукіэ» КъБР-м и Законым ялкъ иткІэ цІыхуэр хьыбарегъащІэ ІэнатІэхэу хэхыныгъэхэм зэрыхэтынымкІэ КъБР-м и Хэхакіуэ комиссэм хьыбар кьезыгъэщІахэм пщІэ зыщІат «Адыгэ псалъэ» газет напэкІуэцІыр гуэшыныкІэ пхъэидзэ щагъэкІуэкІынущ щэкІуэгъуэм и 1-м сыхьэтыр 11-м щыщІэдзауэ мы хэщІапІэм: **Налшык къалэ, Печатным и унэ, Лениным и цІэкІэ щыІэ уэрам 5, 7-нэ кьат.** Пхъидзэм хэтынухэм я заявкэхэр Іах 2007 гъэм жэпуэгъуэгъуэм и 31-м сыхьэтыр 17 пщІондэ мы хэщІапІэм: **Печатным и унэ, Лениным и цІэкІэ щыІэ уэрам 5, 10-нэ кьат, 1009-нэ пэш**.

ЦІыхум и хуитыныгъэхэр хъумэныр къэралым и къалэнщ

ЦІыхум и хуитыныгъэхэмкІэ Уполномоченнэу КъБР-м щыІэм Зумакуэв Борис мэрем кІуэм пресс-конференц иригъэкІуэкІащ. Абы жуаеи ирагащІуэу кьыззІуаха Іуэхущ Іапхъэм и къалэн нэхъыщхьэхэм, республикэм и щыхуэхэм я хуитыныгъэхэр хъумэныкІэ щІымахуэхэм техуэуэ зэрыщыгъуазэ листхэм кьагъуэва ущІэхэм.

● Пресс-конференц

КъБР-м и Президентым кьэхилъхьэри, 2007 гъэм и бадзэуэгъуэ мазэм Парламентым кьищтащ «ЦІыхум и хуитыныгъэхэмкІэ Уполномоченнэу КъБР-м и Законым щыІэм теухуауэ» КъБР-м и Законыр. Дыззэрыт зэманым ІэнатІэр кадрэмкІэ, мылъку-техникэ я лъэныкъуэкІэ зыхуеинуэхэмкІэ къызэрагъэпэщ.

Уполномоченэм и къулыкъур зыхуагъэфащэ Зумакуэв Борис и унафэщІэту мэлажьэ зи пщІэмрэ Іэзагъымрэ республикэм кьащІалыта юристхэу Бесльэней Къэралбий, Таукенов Мустэфа, ЛІыгъур Хьусен сымэ.

- Зи статускІэ къэрал органхэмкІ, абыхэм я Іэтащхьэхэми я унафэм щІэмыт Уполномоченэм и институтыр Урысей Федерацэм и лъэсу 8-м щІигъуауэ щолажь, - жеІэ Зумакуловым. - Аращ апхуэдэ Іуэхущ Іапхъэ зэрыщыІэр и субъектхэми ящыщ зэІухьныкІэ жэрдэм къыхэзыльхьар. Дызэрыт зэманым апхуэдэ Іуэхущ Іапхъэр субъект 57-м щыІэщ. Абыхэм ящыщу дэжьыгъэм и пІалъэр нэхъыфІу зыщІэхэм запытщІакІэщ.

Къалэм нэхъыщхьэхэр. ЦІыхум и хуитыныгъэхэр къулыкъу лъагэ пэрытхэм, унафэщІ зэхуэмыдэхэм къызэпаудамэ, эфІэгъэувжьыным дыхэлІыфІыхьыныр ди къалэн нэхъыщхьэр. Ди жагъуэ зэрыхъунущ, апхуэдэ куэдэр кьыщохьу ди республикэм.

Абы кьыдэкІуэу ди къалэнхэм хохьэ властыр зыІэщІэлъ цІыхуэхэм лжьыгъэ купщІафІэ иригъэкІуэкІынымкІэ защІэдгъэкъуэну.

Зэрылажь щІыкІэр. Дэ прокуратурэми судми я лжьыгъэм зыкІи дыпыщІакъым. Ауэ абыхэм захуэзыгъэза цІыхуэм и Іуэхур и чэзум дамыгъэкІыу жиІэу кьытхуэхьэусыхэм зыщІэдгъэкъуэн хуейщи, дэ а къэрал Іуэхущ Іапхъэ зэращытыр щІы-Іэ. Псалъэм папщІэ, кьохьу суд Іуэхур кІыхьлІыхь щащІе суд унафэр зыхуэгъэзам щымыгъэщІэж. Апхуэдэ зэІуамыбзыныгъэм иригумэщІу зыкъытхуэзыгъаэ цІыхум дыдоІэпыкъу.

Гулыитэ зыхуэщІыпхъэр. Ди лэжьыгъэм гулыитэ нэхъыбэу зыхуэщІыпхъэу хэлъыр цІыхум и хуитыныгъэхэр зыдынэсыр ищІэжу егъэсэгъэ арагъэнщ. Ди жагъуэ зэрыхъущи, кьекІуэкІ хабзэхэр зэрамыщІэм кьыхэкІкІэ, кьудым езыхэм зэфІагъэкІыжьырыну льэпощхьэпохэр нэгъуэщІ хъунущ.

Абы кьыдэкІуэу ди кьалэнхэм хохьэ властыр зыІэщІэлъ цІыхуэхэм зымыщІэж цІыхум хуитыныгъэ иІэкъым», - жаІэ. Аращи, цІыхум и хуитыныгъэр кьигъэсэбэпыжьыфу, хуей хьумэ, ар нхъумэжьыфу есэи папщІэ я кьалэнхэр зэгурыдгъэІуэныр, пропагандэ едгъэкІуэныр ди лэжьыгъэм и зы Іыхьэщ.

Зытетыпхъэ хабзэхэр. ЦІыхум ди дальэІэсыфу, зыкъытхуэзыгъаэхэм я Іуэху зэфІэтэхыфу, едгъэкІуэкІ лжьыгъэр псоми я деж ІэуІуауэ щытын хуейщ. ФокІаІэм кьыщІэдгъаэу ди деж кьыщІыхьами, кьэтхами, тхьэусыхафэ 36-рэ кьыдахьэлІащ. Ахэр зэхэгъэкІыным иужь дитщ иджыпстУ.

ЦІыхум и хуитыныгъэр хъумэныкІэ Уполномоченнэу КъБР-м щыІэм зэрызыпыщІэ хъунущ телефонхэр, зэрызыхуагъаэз хъунущ щыкІэр мыгувэу газетхэм кьытрадзэнущ. Зи хуитыныгъэр зыщІэжу лей кьызытехьэ цІыхум зыхуигъаэз хъунущ абы, апхуэдэуи и щхьэ кьрикІуэ ЦІыхуэр хабзэм кьезэгъэр кьемызэгъэр кьищІынымкІэ чэнджащ хъунуцІэр екІуалІэ хъунущ.

Республикэ бюджетым кьыхэкІ мылькуэрІэжьажьэ мы ІэнатІэм и Іуэхутхьэбзэхэр пщІэнщІэщ.

НЭЩІЭПЫДЖЭЗамир.

● ФепІэщІэкІ!

Іэ тедзэным и урысейпсо махуэхэр

2007 гъэм жэпуэгъуэм и 26-м щыщІэдзауэ щэкІуэгъуэм и 4 пщІондэ «Урысей пощт»

ФГУП-м Іэ тедзэным и урысейпсо махуэхэр ирегъэкІуэкІ. А махуэщІым кьрнубыдэу газетхэм, журналхэм, тхьытхэм Іэ тезыдзэхэм уасэхэм процент 20 хукІрагъэхунущ.

Іэ тедзэным и урысейпсо махуэхэр мы гъэм иджы етІуанэу ирагъэкІуэкІнущ. Кьытрагъэзэжьын хуей щІэхъуар газетхэр, журналхэр, тхьытхэр кьыдэзыгъэкІэрэ абыхэм Іэ тезыдзэхэмрэ я Іуэхугъуэр ягу зэрырихьарщ, щІэджыкІакІуэхэм я бжыгъэми зэрыхигъахъэрщ.

Щэкіуэгъуэм и 6-м, Іэ тедзэным и урысейпсо махуэхэр щыщІэхущІыжькІэ, нэгузыужь Іуэхуэ ирагъэкІуэкІнущ, махуипщІым кьриубыдэу «Адыгэ псалъэ» газетым Іэ тезыдза щІэджыкІакІуэ нэхъ жыджэрхэм пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ федеральнэ Іуэхущ Іапхъэм и кьудамэу КъБР-м щыІэм и унэу Щоджэнщ Іыкъм и уэрамым тетым редакцым и саугъэтхэр щратынущ.

Налшык къалэ, Печатным и унэ, Лениным и цІэкІэ щыІэ уэрам 5, 7-нэ кьат, 1009-нэ пэш.

КъБР-м и Президентым и сайтым къагъэхьа цупщIэхэм я жэуапхэр

Льготэ щыIэу дзэ щыIуалъхьэр Горькэм и цIэр зезыхьэ уэрамым тет стоматологие центрырщ

«Искож» хьаблэм дэт стоматологие поликлиникэм льготэхэр кьишыгъэсэбэпыну лэжьыгъэм и ветеранхэм, пенсионерхэм щIахуэзфIэмыкIыр сыту пIэрэ?».

НЭГУЭР Ж.Хь.

Жэуап ирет КъБР-м узыншагъэр хъумэныкIэ и министр **Бицу Вадим:**

- ЛЭЖЬГЪЭМРЭ материалхэмрэ (металл льапIэхэм кьыхащIыкIхэм кьищынэмыщIа) я уасэм и процент 50-м фIэкIа ямыту дзэ протезхэр яхуэщIыжьмкIэ икIи яхуэзгъэпэщIыжьынымкIэ зыдэIэпIыкьр жьыгъэкIэ пенсэм кIуа, зи мазэ пенсэр псэуныгъэ и льэныкьуэкIэ зыхуейуэ нэхь мащIэ дыдэу ягъэувам нэхъ-рэ нэхъ мащIэж пенсионерхэрщ; «Лъжьыгъэм и ветеранцIэр зезыхьэхэрщ; 1941 гъэм мэкъуауэгъэуэм и 22-м щыщIэдзауэ 1945 гъэм макъуГъэм и 9-м нэсыку тIыпым мазэих нэхъ-рэ мынэхъ мащIэкIэ щыIэжьхэрщ; репрессие зращIэкIахэу иужькIэ хэл ящыыкахэрщ (КъБР-м и Правительствэм 2004 гъэм мэлыжьыным и 8-м кьишта унафэм ипкъ иткIэ). Нахьыкъ кьалэ округым и щыпIэ бюджетыр дотацIэшхуэ з зэрыхуэнькIыуэм икIи езым и хэхъуэ кьэкIуапIэхэр зэрымащIэм кьыхэкIыу, ящыныкьуэ щыIуэ гупхэм дзэ протез яхуэщIыным пыщIа хэщIыныгъэхэр 2007 гъэм и бюджетым хагъэхьакьым, 2008 гъэм и бюджетми хагъэхьэныкъым. Абы кьыдэкIуэри а щыIуэ гупхэм дзэ протезхэр республикэм и бюджетым и хьэкIкIэ щыхуащI КъБР-м У зышагъэр хъумэныкIэ и министерствэм «Стоматологие центр» яхьурIэ Горькэм и цIэр зезыхьэ уэрамым тетым (33-нэ унэ). Мыбыкли хьыбар фыдогъащIэ: Республикэм и муниципальнэ район псоми а щIыпIэ гуп ищхьэмкIэ зи гугъу щытщIам льготэ щыIэу дзэ протезхэр щыхуащI. Псори зэхэту 2007 гъэм и мазихым щыху 1129-м хуащIащ.

ХъумакIуэхэм я цIэкIэ щыIэ уэрамым теухуауэ

«Сэ сыщопсэу Бахъсэн кьалэм ХъумакIуэхэм я цIэкIэ щыIэ уэрамым. ЗэрыжаIэмкIэ, а уэрамыр кьалэм и проектым итщ куэд льандэзэ ас фальт тралъхьауэ. Ауэ ар ди хьуэпсапIэ кьудейуэ араш. Маршруткэ машинэхэм дзэхэм кьалэдзэ зыбжанэ я гъусэу а IуэхуэмкIэ кьалэ администрацIэм зыщыхуагъэзам кьыжраIар марыт: ар зи Iуэхуэкьым. Хэт а Iуэхуэм унафэ тезыщIыхьын хуейр?»

ТЭТЭР Р.Хь., ***Бахъсэн къ.***

Жэуап ирет Бахъсэн кьалэ округым и администрацIэм и Iэтащхьэ **Афэщыжь Юрий:**

-БАХЪСЭН кьалэ округым и маршруткэ гъэуганэ-хэм хоплъэж. ХъумакIуэхэмрэкIэ я уэрамым и кIэхэм щыпсэу-хэм я лъэIу куэдым кьыхэкIыу, сабий дыдэ ягъэувам нэхъ-рэ нэхъ мащIэж пенсионерхэрщ; «Лъжьыгъэм и ветеранцIэр зезыхьэхэрщ; 1941 гъэм мэкъуауэгъэуэм и 22-м щыщIэдзауэ 1945 гъэм накьыгъэм и 9-м нэсыку тIыпым мазэих нэхъ-рэ мынэхъ мащIэкIэ щыIэжьхэрщ; репрессие зращIэкIахэу иужькIэ хэл ящыыкахэрщ (КъБР-м и Правительствэм 2004 гъэм мэлыжьыным и 8-м кьишта унафэм ипкъ иткIэ). Нахьыкъ кьалэ округым и щыпIэ бюджетыр дотацIэшхуэ з зэрыхуэнькIыуэм икIи езым и хэхъуэ кьэкIуапIэхэр зэрымащIэм кьыхэкIыу, ящыныкьуэ щыIуэ гупхэм дзэ протез яхуэщIыным пыщIа хэщIыныгъэхэр 2007 гъэм и бюджетым хагъэхьакьым, 2008 гъэм и бюджетми хагъэхьэныкъым. Абы кьыдэкIуэри а щыIуэ гупхэм дзэ протезхэр республикэм и бюджетым и хьэкIкIэ щыхуащI КъБР-м У зышагъэр хъумэныкIэ и министерствэм «Стоматологие центр» яхьурIэ Горькэм и цIэр зезыхьэ уэрамым тетым (33-нэ унэ). Мыбыкли хьыбар фыдогъащIэ: Республикэм и муниципальнэ район псоми а щIыпIэ гуп ищхьэмкIэ зи гугъу щытщIам льготэ щыIэу дзэ протезхэр щыхуащI. Псори зэхэту 2007 гъэм и мазихым щыху 1129-м хуащIащ.

ХъумакIуэхэм я цIэкIэ щыIэ уэрамым теухуауэ

«Сэ сыщопсэу Бахъсэн кьалэм ХъумакIуэхэм я цIэкIэ щыIэ уэрамым. ЗэрыжаIэмкIэ, а уэрамыр кьалэм и проектым итщ куэд льандэзэ ас

щыщIэдзауэ сыхьэт 23-м нэсыку. Ауэ зэуи а Iу зхуэхьэбэзэм и уасэр графикым тещIыхьауэ щIыхуэзам Iах. Псы пщтырыр кьыззрыратыр щIыззблэм и щхьэусыгуэрыр котельнэр щIымахуэм зэрыхуагъэхьэзэрыр, Общежитэм унэм и щытыкIэр, зэрыщIыту кьапщтэжэ, мыЕйуэ кьэпIлыIэ хьунущ. Унэм и кьэпIлапIэ гъуэгум тель асфальтыр мы гъэм и кIэм нэсыку зэрагъэпэщыжыну я мурадщ. Общежитым и псэупIэ пэшхэр приватизацэ щIыным и гугъу щIыжмэ, «ПсэупIэ фондыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм приватизацэ щIыным и Iуэхуэдэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 4-нэ статьям ипкъ иткIэ, общежитхэм хэт псэупIэ пэшхэр приватизацэ щIыыркым.

ЗэпратыкIа гъуэгухэм йолэжьыж

«ЩIхьэусыгъуэ гуэрхэм кьыхэкIыу Налшык кьалэм уэрам гъуэгуэкIэ организацэхэм, щыхуэхэм кьудэ щыщIэпратыкI. Ауэ бзыхьэм я Iуэхуэхэр зэрыщэфIэжьыу гъуэгум иращIар ящогъупщэж. ЗэпратыкIа гъуэгуэкIэ зыхуей хуагъэзэжьну абыхэм кьалэм ящIпщI мыхъуну пIэрэ?»

ГЪЭУНЭ И.Ю.

Жэуап ирет Налшык кьалэ округым и администрацIэм и кьалэнэкIэ зыгъэзащIэ **Хьэмгъуокьу Леонид:**

-ДИ ЖАГЪУЭ зэрыхьущи, апхуэдэ щыщIэныгъэхэм уарохьэлIэ, ауэ, зэрыхабзэу, ахэр кьэзышIэу щы щагъым щIэль инженер сетхэр жыы зэрыхьуарщ, ахэр зэгъэпэщыжьын зэрыхуейрщ. 2007 гъэм гъэугъэхэм зэрелэжьыным и планхэр щаубзыхуэм, щы щагъым щIэль инженер сетхэм я балансхэр зыIыгъэхэм жраIаэ щытащ уэрамхэр, коммуникацхэр зэгъэпэщыжьынкIуейуэ кьаIэрыпIэщытыр. А лэжьыгъэхэр зэрIэгъэкIынымк нэхъ жыг дкжру иужь ихьащ «Налшыктеплоэнерго»ОАО-р. 2006 гъэ блэкIам ельытауэ, абы мы гъэм хуэди 2,5-кIэ нэхьыбэ гъэжьыгъэ зэфIигъэкIащ. Кьалэм и уэрамхэм асфальтыщIэ тельхьэным щIадзэн и пэ кьихуэу, клометриче 6,3-рэ зи кьихьагъ электрическэ кабель щIалъхьащ. Организацэхэм, унагуэхэм щIыр кьэзтIыным пыщIа лэжьыгъэхэр ирагъэкIуэжьыну хуит зэращI щыкIэр ягъэткIиящ, пIалъэр нэхъ кIэщу щытыным, зэхатIыхьа щIыпIэр ИгъщIыпIэкIэ зыхуей хуэгъэзэжьыным ехьэлIауэ. Жьы хьэуа инженер сетхэр зэхъуэжьыным дяпэкIи пащэнущ, а лэжьыгъэм нэхъ зрагъэубгъу зэпытурэ, ныкъусаныгъэ зыгъуэта щIыпIэхэр зэман нэхъ кIэщIкIэ зэIуэпэщ ящIыжурэ.

• КъБР-м и МВД-м

ЖАМБОРЭ Наурбий: ЗэщIэгъэуIуауэ уэзэлжьыр къохъулIэ

Къэрал кIуэцI Iуэхуэмкlэ министру КъБР-м щыIэм и къалэнхэр зыгъэзащIэ, милицэм и полковник Жамборэ Наурбий иригъэкIуэкIащ 2007-2008 гъэхэм екIуэкIыну хэхьныгъэхэм зыхуэгъэхьэзырыным, абыхэм Iэ щыIэтыным пыщIауэ лэжьыгъэ хуеихъэм ятеуха зэIущIэ. Абы хэтащ КъБР-м и Хэхакlуэ комиссэм и унафэщI Тупикин Андрей.

КЪЫЗЭХУЭСАХЭМ я пащхьэ Жамборэ Наурбий щыжиащ хэхьныгъэхэр кьыззыпыудыным и мызакъуэу, щыхуэхэр хэгъэльэдэныным, щыгъэуэным хуэщIэкIу кьаруэхэр республикэм зэрыщIыр. Абы кьыхэкIыу хэхьныгъэ зэм зыхуэгъэкьэзыныным, ахэр егъэкIуэкIыным пыщIа псори ткIийуэ тетым хуейщ хэхьныгъэмкIэ законодательствэм кьинъуэр мардэхэм. Зыми хуитыныгъэ иIэ кьым щхьэзыфIэфну пэжуэр кьызэригъэзэнэным, щыхуэхэр уэрамхэм кьыдишэну, демонстрацэхэр иригъэкIуэкIыну. Апхуэдэу ткIийуэ япэщIэуэвапхъаш дыдэм зэгурымыуэныгъэхэр я лъабжьэу жылагъуэр кьагъэхтхъэну зи мурадхэм.

КъБР-м щыIэ МВД-м кьыщызэрагъэпэщащ хэхьныгъэхэм я зэманым зэпIэзэрыгъэныгъэхэр кьызэригъэпэщыну зи кьалэн гъэкьакIуэ гуп щхьэхуэ.

Къэрал кIуэцI Iуэхуэмкlэ министру КъБР-м щыIэм и кьалэнхэр зыгъэзащIэм апхуэдэу кьыхигъащащ хабзэр кьыщыдзэпуад кьэмыгъэхъэуным теухуа гъэжьыгъэр гъэтIыпэщIи, хэхьныгъэмкIэ хуитыныгъэхэр гъэтIыпэщIи, хэхьныгъэмкIэ кьалэн гъэкIуэкIыным хуэнэтIауэ. Абы и пъыIыщыхуэм ягурыызыгъаIуэ тхыгъэ хэр зыубгъуауэ республикэм и хьэбарегъащIэ Iуэ хуэщIапIэхэм

• Лэскэн куейм

Къумыкъуэхэ я тыкуэн

Анзорей и тепльэм нэхьыфIкIэ зехьуэж. Мы кьуажэр районым центр зэрыхьыжрэ илъэсищ нэхьыбэ дэмыкIами, Iуэхуэщапl э зыбжанэ дащIыхьам я фIыщIэкIэ лэжьапIэ щIыпIэ куэдым ягъэзащI.

ХЬэрЫЧЭТЫЩIэ Къумыкъу Радик мурад ищIат Анзорей сату щIапIэ щиухуэну. «Зыгуэрхэми лэжьапIэ щагъуэтынщ, ди унагъуэми и фейдэ гуэр хэлъынщ», - жиIэри. Гугъу ехьами, и мурадыр зригъэхьулIащ. Цыхуиблым лэжьапIэ хьарзынэ тыкуэным щагъуэтащ. Сату щIапIэм хэтщ шхапIэ, щыхуэхэр нэхъ зыхуэину ерыскьыкьэкIэр щащэ, апхуэдэуи гъущIэкIэр, унагъуэм кьыщагъэсэбэп Iэмэпсымэхэр, зэрытхьащэ, зэрыжьащэ, нэгъуащI куэди зыщIэлъ пэшыышхуэ.

Мыбы сату щызыщIэхэр псори цыхуэбзащ, цыхуэ хьарзынэ защIэщ, гуапэхэщ, я хьэпшыпхэм я уасэри драгъэуеишэркьым, - жаIэ щэхуакIуэхэм.

Сыт щыгъуи Iэщ гъэхъуным мыхьэнэщхуэ ирату икIи хьерыщхуэ кьыпахьу ягъащIэм кьоГъуэгурыкIуэ ди лъепкъыр. Куэдыр зыхуэпхьыдэ совет зэманым щыгъуи а Iуэхуэм къэралым гульытэ хуищIу щытащ. Iэщым и фIагъым, кьит хьерым хэгъэхъуэным еджагъэщхуэхэр телажьэрт.

ДИ РЕСПУБЛИКЭМ и адрей районхэми хуэдэу, Тэрчми Iэщыр и куэдт. Арщхьэкlэ иужьрей зэманым абыхэмэ Iэщыр ягъэкIуэдыжри, щыгъэшу щытахэр бгынэжауэ кьэнэжащ.

Иджыри апхуэдэу куэдрэ екIуэкIыну кьыщIэкIынт, Акьбащ Ипщэм щыщ Тэркьан Аслъэн мыхьуамэ. Мы щIалэр япэм Iэщ гъэхъун Iуэхум хэтакъым, и IэщIагъэкIэ ухуакIуэ инженерти, Налшык щыпIэжащ.

Къэралыр рыночнэ эхуущытыкIэм щыхуэкIуэм «Рубин» кооперативыр кьызэIуихри, абы и фIыгъэкIэ Аслъэн и мурадхэр кьехьулIащ. Ар тегушхуащ къэралым щIыхуэу мелуани 5 кьырихьиу Iэщ гъэхъуным зритыну. Абы кьекьутэхьауэ икIи бгынэжауэ щыт Iэщ фермэр кьищэхужри, ар зэригъэпэщыжащ.

Iэщ льэпкъыфI кьыщилъхьуэм, Голландием ейм кьытеувыIащ, абы «Боронеж» Iэщышхуэ льэпкъыр кьыхигъэхьэжри, жэм кьащIу 45-рэ, жэмыщIэу 35-рэ зэригъэпэщащ, ауэрэ щкащIэу 92-рэ кьыхэхъуэжри, и Iэхур зэтеуващ.

жьыбгъэжэр къыщIызэрагъэпэщкIэ законым кьинэжьыну кIтIийуэ тетынщ, хэхьныгъэ Iуэхуэхэм трагъэкIуэдэн папщIэ къаутIыпщ ахъшэр тэмэму кьэгъэсэбэпынкьр.

Тупикин Андрей кьыхихьащ КъБР-м щыIэ МВД-м кьыщызэрагъэпэща лэжьакIуэ гупым республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и лыкIуэ хагъэхьащ.

Жамборэ Наурбий кьызэриIытамкIэ, политикэ партхэмрэ хэхакIуэ зэгугъэхьыгъэхэмрэ я спискэхэр икIэщIыпIэкIэ МВД-м Iэрагъэхьэн хуейщ зыхуэфащэ Iэнатlэхэм щыхэпIэхьн папщIэ. Милицэм и кьалэнщ суд унафэкIэ ягъэкIуэдыжауэ щытахэр, мыхьумыщIагъэ зылэжь гупхэм хэтхэр властым и органхэм хэмыхьэфын папщIэ, япэщIэтыныр, жиIащ абы.

ЗэлущIэм зэдзэуа щыхэпIьащ хабзэхъумэхэм я жэуапльныгъэр кьэлэтыным, лэжьакIуэхэр тэмэму кьыхэкIыным, зи щхьэ Iуэхуэкlэ кьулыкъур кьэзыгъэсэбэпхэр кьыщIэгъэщыным пыщIа Iуэхуэхэм.

КъБР-м щыIэ МВД-м криминальнэ милицмкIэ и Iэнатlэм и унафэщIым и кьуэдзэ, милицэм и полковник Бэрсэдж Анатолэ зэIуущIэм хэтахэм якрIиащ жэпуэгъуэм и 9-м щыщIэдзауэ 19-м нэсыку хабзэм къьвгъэпыщ щыхуэ щхьэхуэхэм зэрахьэ Iэщэфащэу куэд кьызэратхьэкIуар. Кьапщтэмэ, а зэманым кьриубыдэу кьэрахъуэу 2, гранату 8, кьызэрагъауэ Iэмэпсымэу 29-рэ, щэ зэмылIэужьыгъуэу 349-рэ кьаIэрыхьащ, щIэпхъащIагъэ 87-рэ кьыщIагъэщри зэхагъэкIащ, кьуанщагъэ зэрахьжьам папщIэ кьаIэлыхьуэжэм ящыщу щыху 23-рэ яубыдащ, хьыбарыншэу кIуэдауэ 7 кьагъуэтыжащ. Апхуэдэу пэжьыгъэшхуэ ирагъэкIуэкIащ терроризмэр кьызэпэуды пыным хэгъэзауэ. Мы Iуэхугъуэхэр егъэкIуэкIыным кIэ зэгъувауэ щыта пIалъэр нухащ, ауэ лэжьыгъэхэр абы щхьэкIэ зэгъуваукьым.

КъБР-м щыIэ МВД-м и пресс-Iуэхущ Iапl э.

• Тэрч куейм

МащIэ-мащIэурэ зрегъэужь

Iэщыр зезыхьэну щыIуэхэри кьиштащи, мазэм сом мини 5-р я улахуэщ, махуэм щэ пщIэншэу ягъашэ.

Хьэрычэтыщ Iэм гъэшыр кьуажэ сабий садым яхуэрегъашэ, бзэзэми хьарзынэу щащэ.

Выщ Iэ ягъашхэхэм мазаем килограмм 1,5-1,7-рэ хагъахьуэ. Апхуэдэ Iэщ лъэпкъыфIкIэ кьуажэдэсхэм ягу ирихьащи, абы щыщ шкIэ кьыззращэхуным яужь итщ.

Тэрхьаным мыIейуэ и Iуэху зэрфIьхьами, иджыри лэжьыгъэр зэрыльэныкъуэхэр мащIэкъым. Iэщ щигъэхьуэкIу эну, мэкъумылэ кьытрихыну кьыIиха щIы гектар 60-р кьомэщIэкI. Иджыри нэгъуэщI зы гуГуеухьи Iуэхум хэлъщ, ар фермэм уэздыгъэ линэ зэремыкIуалIэрщ. Абы мылькушхуэ текIуэдэнущи, и закъуэ зэкIэ хуэгъэзакурыкым. Ар нобэкIэщ. Нэхъыщхьэри нэхъ гугъури кьызззынэкIыфа хьэрычэтыщIэ щIалэр, шэч хэлъкьым, пIэ быдэкIэ хуэмурэ зэрыуынущ.

КIЭБЫШЭ Лилэ.

• КъБР-м и Прокуратурэм

Къэпщытэныгъэ ирагъэкIуэкI

КъБР-м и Прокуратурэм кьишытащ щыхуэхэр автобусхэмкIэ кьеушэкIыныр щынагъэншэу кьызэгъэпэщынымк Iуэхуэкlэ законодательствэ 2007 гъэм и ягъ илъэс ныкъуэм республикэм и щIыналъэм зэрыщагъэзащIар.

КЪЭПЩЫТЭНЫГЪЭМ кьыщIигъащ а законодательствэ кьыщыдзэпуад куэдрэ кьызэрыхъур. Кьапщтэмэ, транспортыр зыIэшIэ юридическэ Iэнатlэхэми щызэкъуэ хьэрычэтыщIэхэми зыхуэфащэ Iуэхугъуэхэр ялэжьыркъым автобусхэр зезыгъакIуэхэм я Iэщагъэм, зыушыгъэм, гъуэгуанэм зэрытетым хуейм, я лэжьхьэм, зыгъэпсэхукIэм я лъэныкъуэкIэ законодательствэм кьигъэувэр гъэзэщIэным теухуауэ.

Куэдрэ кьохъу щIыхуэхэр кьызэрырашэкI автобусхэм, автомобиль псынщIэхэм, щIыхуий нэхърэ нэхьыбэ зэпымыуэ кьрырашэкIыным хуэзрагъэпэща хьэлъэшIэ автомобилхэм къэрал техникэ кIэлъыплъныгъэ ящагъэкIуэкIыным теухуа Iуэхугъуэхэр кьыщIэзэпаид, а кIэлъыплъныгъэр и зэманым (мази 6 къэс зэ) щрамугъэкIуэкI.

Къэбгъэлъагъуэмэ, «ЭОПА» МУП-м (Iуащхьэмахуэ районон) кьэрал техникэ кIэлъыплъныгъэр автобуси 6-м щыдрагъэкIуэкIакъым, абы щыIэгъуэми техникэ и лъэныкъуэкIэ ныкъуасныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр яIэу (кьэпщытэныгъэр щрагъэкIуэкIым ахэр псори гъуэгуанэм трагъэкIащ).

Прохладнэ районым щыщ кьуажэхэм щыIэ сабий, общеобразовательнэ Iуэхущ Iапl эхэм щыщ щыкIуэхэр кьрашэкI зыхуэфащэ техникэ кIэлъыплъныгъэ зыдрамыгъэкIуэкIа автобусхэмкIэ.

«Гъуэгум щызекIуэнымк щынагъэншэу щытынымк и Iуэхукlэ» Федеральнэ законым кьегъэув а щынагъэншагъэ медицинэ и лъэныкъуэкIэ кьызэгъэпэща хуэм щхьэкIэ гъэзэгъэкIуэкIам и щIыналъэм щыщ щыкIуэхэр зэрыхуэфащэ техникэ кIэлъыплъныгъэ зэрыгъэкIуэкIам и хьэпшыпхэм я щынагъэр зыхуэдэр зэхуэхьэсыным хуейуэ.

КъэщIэтэныгъэхэм я кьалэн нэхъыщхьэ автомашинэхэм дэсхэм узынщагъэкIэ зыгуэрхэр зыдагъуэмэ, фадэ ефамэ, наркотик, кьагъэсэбэпыну зыхуэмыт нэгъэщI хущхъуэхэр зрахьэлIамэ сэтей кьэщIыныр. Абыхэм ящыщ гуэрхэр дальэгъуэмэ, машинэм дэсыр хуит кIыщынкьым автотранспортыр зэригъэкIуэну.

Ауэ кьэпщытэныгъэм кьызэригъэлъэгъуащи, гъуэгуанэм кьытекIыжа нэужь медицинэ кIэлъыплъныгъэ ирагъэкIуэкIыхэрэкьым, мыдрейуэ юридическэ Iэнатlэхэу, щхьэзакъуэ хъэрычэтыщIэхэу цIыхухэр кьешэжкIи лэжьыгъэ езыгъэкIуэкIэм а Iуэхумкlэ лицензэ яIэкьым.

ЦIыхухэр автобусхэмкIэ кьешэжкIыныр щынагъэншэу кьызэгъэпэщыным теухуа Положенэм и 5.26 пунктыр кьызэпауду кьыщIагъэщащ. А пунктым ипкъ иткIэ бгылъэ щыпIэхэм гъуэгуанэ щытрагъэхьэр автобусым дэсу илъэсищкIэ зэпымыуэу лэжьакъэрщ икIи апхуэдэ гъуэгуанэхэм стажировкэ щезыгъэкIуэкIакъэрщ. А Iуэхугъуэр гъэзэщIэныр кьызэрагъэпэщыну зи кьалэныр автобусхэр зейэрщ.

Абы щыгъэмэ «ЭОПА» МУП-м и автомобилхэр зезыгъакIуэхэм ящыщ языныкьуэхэм я документхэм хэлъкьым абы-кьым бгылъэ гъуэгухэм стажировкэ зэрыщрагъэкIуэкIам щыхьэт техьэу тхыгъэкэр.

Хабзэкэр кьыщызэпаид «Налшык - Горячеводскэ» гъуэгуанэми. Абы тет автобусхэм дэсэр я гъуэгуанэм зэрыщызекIуэну график (расписанэ) щыхьыкIакIэ кьызэгъэпэщакъым, предприятэр кIэлъыплъыркъым КъБР-м Транспортымрэ гъэгугъ хозяйствэмкIэ и министерствэм игъэува графикыр гъэзэщIа зэрыхьум. Автобусэр зы зэманым автовокзалым текIрыкьым, атIэ щытекIыр кьанэ щымыIэу из хьуа нэужьщ, ежьэгъуэм и иомерыр гъэугу тхылъым кьыщыдзыгъэкIуэр автобусыр зезыгъакIуэрщ. Стажировкэ езыгъэкIуэкIыр абыкIэ хуитыныгъэ зимыIэ щыкIуэрщ.

Абы кьыщынэмыщIауэ автотранспорт предприятэхэм щызэрахьэ гъуэгуанэ тхылъхэр Урысей Федерацэм Статистикэмкlэ и кьэрал комитетым игъэува щапхъэм темыхуэу кьыщIэкIащ. Автобусыр зезыгъакIуэхэм ягъэува тепльэм хуэдэ зимыIэ гъуэгу тхылъхэр мазэ пIалъэкIэ иратырт.

Кьэпщытэныгъэм кьыщIигъэщащ автобусхэр зезыгъакIуэхэм я лэжьэкIэ, зыгъэпсэхукIэ хабзэхэр кьызэпауду, сменэ зэхуакум зэрызагъэпсэхун хуэй сыхьэт 12-м и пIэкIэ сыхьэти 9-10-кIэ фIэкIа замыгъэпсэхуу.

Дзэлыкьуэ районым автобус цIыкIуэхэм хуэдэу 6 кьыщащыстати, «Дзэлыкъуэ АТП» МУП-м и шоферищым гъуэгуанэ из тхылъ яIыгъакъым, гъуэгуанэм кьызэрыщагъкIухьан хуей расписанэ яIакъым. А псори Урысей Федерацэм Транспортымрэ гъуэгу хозяйствэмкIэ и министерствэм 1995 гъэм гъатхэпэм и 9-м кьыдигъэкIа приказ №27-м зэрызэгъэпэщын кьыхэкIыу УФ-м и КОАП-м и 14.1 статьям и 3-нэ Iыхьэм кьыщыгъэлъэгъуа административнэ къуанщагъэщ. Автобусэр зей адрей шоферищым «Лъжьыгъэ лIэужьыгъуэ язныкьуэхэмкIэ лицензэ етыным и Iуэхукlэ» 2001 гъэм щыщыкIэ Iуэ и 8-м кьащта Федеральнэ закон №128-р кьызэпауд, лицензэ карточкэхэр яIакъым апхуэдэ лэжьыгъэ ирагъэкIуэкIыну зэрыхуитымкIэ. Абы кьыхэкIыуи транспортым и Iэнатlэм кIэлъыплъныгъэ щегъэкIуэкIынымкIэ Федеральнэ Iэнатlэм и лIыкIуэм Iуэху кьиIэтащ УФ-м и хабзэр кьызэпысыудазэр КоАП-м и 14.1-нэ статьям и 2-нэ Iыхьэм ипкъ иткIэ щынагъэншэу щыхуэгъэнэну ешIэлэн хуейуэ.

Транспортым кIэлъыплъныгъэ щыIэнымкIэ Федеральнэ Iэнатlэмрэ гъуэгуанэм щынагъэншэу щызекIуэнымкIэ кьызэгъэпэщынымкIэ къэрал инспекцэмрэ зыхуэфащэ кьэпщытэныгъэ Iуэхугъуэхэр щIэх-щIэхьыпэ ирагъэкIуэкI, ауэ абыхэм кьыкIышхуэ щыIэкъым.

Абы кьыхэкIыуи республикэм и Прокуратурэм и органхэм зрагъэубгъэнущ щыхуэгъэнэну зыгъэпсэхуныр теухуа законодательствэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъным. Кьэпщытэныгъэхэр щрагъэкIуэкIэ сэтей кьащIа сыт хуэдэ ныкъусаныгъэми гу лъамытэу прокуратурэм и органхэм къагъэнэнукъым икIи ар сэбэп хуэхъун хуейщ щытыкIэм фIыкIэ зегъэхъуэжьыным.

• Банк Iуэхуэхэр

Шынагъуэ лъэпкъ къыпплъэркъым

Ди газетым зэрытетащи, Налшык кьалэ дэт «Синдикэ» хъэщIэщым щекIуэкIащ Урысей банкхэм я ассоциацэм щIыналъэ политикэмкIэ и комитетымрэ КъБР-м и банкхэмрэ страховани Iуэхуэмкlэ я ассоциацэмрэ зэхъуэжьа.

АР КЪЫЗЭIУИХРИ, жэнэт щIыналъэу кьалъытэ Къэбэрдей-Балъкъэрым кьызэрыгъэгъэзагъэм папщIэ КъБР-м и Президентым, зэIущIэм хэтхэу КъБР-м и Парламентым и Унафэщ **Бечелов Ильяс,** КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ **Ярин Андрей** , абы и япэ кьуэдзэ **Тхьэзэпльыж Мурат** сымэ фIыщIэ яхуищIащ Урысей банкхэм я ассоциацэм и тхьэмадэ **Тосунян Гарегин.**

КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен, Правительствэм, Парламентым хэтхэм кьабгъэдэкIыу къэщIэхэм фIэхъуэ псалъэкIэ захуигъэзащ Бечелов Ильяс. Абы кьыхихьащащ иужьрей зэманым мыхьэнэшхуэ зиIэ зэIущIэхэр Налшык зэрыщекIуэкIыр, ар республикэм и зэпIэзэрыпытныгъэмрэ социально-экономикэ зыужьыныгъэмрэ щыхьэт зэрытехьэр.

Япэу Кавказ Ищхьэрэм щрагъэжьауэ Iуэхуэм хэтащ Къэрэшей, Саратов, Волгоград областхэм, Москва, Оренбург кьалэхэм, Адыгэ, Къэрэшей-Шэрджэс, Ингуш, Инщэ Осетие-Алание, Дагъыстэн, Кьалмыкъ республикэхэм, Ставрополь, Краснодар крайхэм щыIэ банкхэм я унафэщIхэр.

Урысей банкхэм я ассоциацэр Урысей Федерацэм и банк зэгуэныгъэхэм я нэхъ ин дыдэщ. Абы кьызэщIеубыдэ УФ-м и банк Iуэхущ Iапl эхэм я процент 80-р. Абыхэм банк капиталым и процент 90-р, урысей банк системэм и активхэм я процент 93-р яIэщIэльщ. Урысей банкхэм я ассоциацэм хьыкIэ банкхэмрэ абыхэм я кьуэдмэхэмрэ УФ-м и щIыналъэ псоми щолажьэ. А ассоциацэм хохьэ КъБР-м и банкищ: «Прохладный», «Майский», «Нальчик».

- Иджыпсту банкрот Iуэхум ехьэлIауэ екIуэкI псалъэмакъхэр лъабжьэшIэщ, - жиIащ Тосунян Гарегин кьыщыгъэльэпIащ. - Сыт щыхьэт жаIэ, кризис щытыкIэм щIихуэн щхьэусыгъуэди кьэралым иIэкъым. Пэжщ, а гупсысэм хуэдэщ Iуэхугъуэ щыIащ щыщхьэIум - а зы мазэм доллар медарди 6-м щIигъу кьэралым икIащ. Ауэ ильэсым зэрыщIидзэр Урысейм доллар медарэ 70, нэгъуэщI жиIэмэ, 10-кIэ нэхьыбэ кьыхэхъуащ. Апхуэдэущ зэрыщытын хуейри, рынокым зихьэжу, динамикэ хэлъу щытыпхэщ.

КъБР-м и Лъэпкъ банкым и Iэтащхьэ **Тхьэмокьуэ Анатолэ** кьызэхуэсахэр щигъэгъуэащ республикэм и псэуIкIэмрэ нобэ иIэ политикэ щытыкIэмрэ.

- Экономикэр зэпIэзэрыту зэрелъэныгъэхэр бизнесым и зыужьыныгъэм сэбэп хуохьу, - жиIащ абы. - Банк лъэныгъэм и унэтIыныгъэ псоми кьагъэлъагъуэу Iуэхуэр зэрефIакIуэр. Абыкlэ щIэгъэкъуэн мэхъу республикэм и властыр, Лъэпкъ банкыр, КъБР-м и банкхэмрэ страховани Iуэхуэмкlэ Iуэхущ Iапl эхэмрэ я ассоциацэр зэгурыIуэу зэрызэдэлажьэр. КъыхэгъэщIыпхъщ, мыин дыдэми, финанс и лъэныкъуэкIэ зэфIэкI зыбгъэдэль банкэр республикэм кьызэрыщыIуэнхэр. Мыбы щолажьэ банки 6, дэтхэмэм кьудамэу 3 иIэу, нэгъуэщI кьалэхэм дэт банкхэм я кьудамэу 9, банк Iуэхущ Iапl эу 59-рэ, операционнэ кассэу 61-рэ. А псоми ди щIыхуэр зыхуэныкьуэ Iуэхутхьэбзэхэр кьызыхуэгъэзащIэ.

ЩIыналъэхэм щекIуэкI зыужьныгъэм ельытауэ банк Iуэхутхьэбзэхэм зэрызыгубгъуэм тепсэльыхьащ Урысей банкхэм я ассоциацэм щIыналъэ политикэмкIэ и комитетым и унафэщI **Мехряков Владимир.** Абы кьыхигъэбелджылыкIащ Инщэ Федеральнэ округым щыIэ субъектхэм банк Iуэхутхьэбзэхэр зэрыщагъэзащIэм хэлъ ныкъусаныгъэхэр, кредит зыт Iуэхущ Iапl эхэм я лъэныгъэр кьызэрызэгъэпэщам. КьалъыкъуэкI гугъуэхь щхьэхуэхэм лъабжьэ яхуэзыльэгъэ щхьэхуэхэм ящыщ. Апхуэдэущи, а Iуэхум и щIыпIэ банк Iуэхур зэрыщыдзкIым, властымрэ абыр я зэпыщIэнымрэ.

Кредит Iуэхуэхэм кIэлъэпкъ бюром и тхьэмадэ **Плотников Игорь** зэрыжиIамкIэ, ар зи унафэщI Iуэхущ Iапl эр ильэсит ипэкIэ урысей банкхэм я ассоциацэмрэ банк лъэныкъ зыбжанэмрэ я жэрдэмкIэ кьызэрагъэпэщауэ араш.

- Ди Iуэхутхьэбзэм банкхэр хуэныкьуэ хъуащ кредит кьезыIыххэм я бжыгъэр зэрыдкIуейм кьыхэкIыу. Зы банкым и щIыхуэ телъуахьшэр зымыпщын щIыхуэр, нэгъуэщI Iуэхущ Iапl эм макIуэри, аргуэру кредит кьещIэ, ауэрэ ещанэми кьыIех. Апхуэдэ щIэпхъащIагъэм защытхъуэмэ папщIэ кредит кьезыIыхьа дзэтхэмэ и хьыбарыр ди дежь щызэхэтхъэсу араш. Банкым кьеКIуэлIа щIыхуэм и щIэ-гъэцIэмкIэ ди деж кьыщащIэ щIыхуэу телыр зыхуэдизымрэ и чэзум ахьшэр зэрыхилъхьэжымрэ. Дызэрыт зэманым кредит хьыбару мелуан 13-м нэблагъэ итыщ ди базэм, абыхэм яIыгъ ахьшэр сом триллионым щIигъащ.

Апхуэдэу зэIущIэм щытепсэльыхьащ Урысейм и щIыналъэм я социально-экономикэ щытыкIэм зиужьын, лъэпкъ проектхэр гъэзэщIа хьун папщIэ банкхэм яIэ мыхьэнэм, ар нэхьыфIу кьайхьулIэн щхьэкIэ я Iуэхутхьэбзэхэр зэрызэтраублэн хуей щIыкIэм, нэгъуэщIхэм.

Хьэщ Iэхэм Налшык и щIыпIэ нэхъ дахэхэм зыщрагъэпIьхьащ.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замир.

• Гъэлъэгъуэныгъэ

Ди газетым эрэрытетащи, жэпуэгъуэм и 27-м Налшык щекIуэкIащ КъБР-м и Президентым деж щыIэ Жылагъуэзчэнджэщэгъу советым, Къэбэрдей-Балькъэрым и жылагъуэ Iуэхущапlэхэмрэ щылэгъуалэ зэгухьанырыгъэхэмрэ кьыззрагъэпэща. «Къэбэрдей-Балькъэрым и жылагъуэ зэгурыIуэныгъэмрэ зыужьыныгъэмрэ дрителъхьэщ» фIэщыгъэцIэм щIэт граждан форум.

●Граждан форумым къратыкI

Жылагъуэ зэгурыIуэныгъэмрэ зыужьыныгъэмрэ я телъхьэхэр

КъБР-м и Президент**Кьанокъуэ Арсен**, федерал инспектор нэхъыщхьэ **Меркулов Александр**, КъБР-м и Правительствэмрэ Парламентымрэ я Унафэщlхэр **Ярин Андрей, Бечелов Ильяс**, министерствэхэм, ведомствэхэм, жылагъуэ Iуэхущапlэхэм я унафэщlхэмрэ депутатхэмрэ зыхэта зэIуIэщIэшхуэр КъБР-м и Жылагъуэ чэнджэщэгъу советым хэт **Тхьэгъэпсо Хьэжысмел**, Гъуэджэмкlэ Кавказ Ищхьэрэ къэрал институтым и ректор **Рахаев Анатолэ** «Дзрбзэр фабрикэ» ОАО-м и унафэщl нэхъыщхьэ **Пархоменкэ Юлие** сымэ ирагъэкIуэкIащ.

Республикэм и цыхубэр зыгъэпIейтей Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм теухуауэ щыта яп Iыхьэм творческэ лэжьакIуэхэм кьабгъэдэкIыу кьыщыпсэльащ СКГИИ-м и профессор, УФ-м и цIыхубэ артисткI**э Гъэсашэ Наталье**. Ар нэхыбэу кьызытеувыIар езым щIигъаджэ институтым (Гъуэджэмкlэ Кавказ Ищхьэрэ къэрал институтым вокалымкIэ кафедрэм и унафэщIщ) я лэжьыгъэ гъэпсыкIэр, кьыщIагъэкI Iэщlагъэлlэхэм ящыщу цIэрыIуэ хьуахэр, мыхьэнэ пыухыкIа зиIэ нэгъэущ Iуэхугъуэхэрт.

- Ди республикэм зэгурыIуэмрэ зыужьыныгъэмрэ щефIэкIуэн папщIэ Iэмалхэри ди лъэпкъхъэм кьагъэщIа цIыхубэ лъапIэныгъэхэри диIэщ, - жиIащ КъБР-м и цIыхубэ тхакIу я **Теппеев Алим**. - Сыт хуэдэ лъэныкъуэкIэ укьыщемыплъыи, ди кьэкIуэнур зэрыпэжхьыфынум шэч хэлъкьым. Ауэ, сэ кьыззэрыслъытэмкIэ, гулыгъэ нэхъыщхьэ зыхуэщIапхъэ зы Iуэхугъуэ щыIэщ: сыт хуэдизу дыхуэсакьыу кьытщымыхьужми, нобэ ди нэгу щIокI ди анэдэлъхубзэр зэрытIэщIэкIыр. ТхакIуэхэм, композиторхэм, сурэтщIхэм, журналистхэм я творческэ зэгухьанырыгъу ди республикэм щыIэкIэ зэгуэр ящыщу щытащ кьэралым щынэхъыфIхэм, ауэ иджы абыхъ я мыхьэнэр хэпщIыкIыу кьэтIэсхьащ. Абы кьегъэлъагъуэ ди щэнхабзэ хьугъэфIыгъуэхэм, литературэ, гъуэджэ лъапIэныгъэхэм ягъуэт гулъытэрн нэхъ кIащхъэ зэрыхьуар. Сэ щэч кьытесхьэркым экономикэ лъэщ зиIэ республикэ зызыужьа дызэрихьунум, ауэ абы щыгъуэ дыкъэзыгъэзыгъэ дыкъыззэплъыхьмэ, адыгэбзэкIэ, балькъэрыбзэкIэ псэльэн дгъуэтыжьыкуым, нобэ хуэтщI гулъытэм фIэкIа лъэпкъыбзэхэм ямыгъэтмэ.

Адэкlэ кьэпсэльапlэм кьихьащ «Урысей Iуэхуэехэ» сообществэм и щIыналъэ кьудамэм и лIыкIуэ, «Дэрбзэр фабрикэ» ОАО-м и унафэщIым и кьуэдзэ **Васильченкэ Евгение** (Прохладнэ кь.). Ар игъэпIейтейрт Iуэхум фIыуэ хэзыщIыкI Iэщlагъэлl лъэрыихьэр зэрымащIэм, цIыхуэхэр Iэнатlэкlэ кьызэзыгъэпэщхэр лэжьакIуэхэм я щIэныгъэр хэгъэхьуэным зэрыхущIыкьым. Абы и щапхъэу Васильченкэ кьыхигъэщащ езыр здэщIыIэ дэрбзэр фабрикэм и мылькыр лъэхъэнэ зэблэхьугъуэм хихьауэ зэрыщытар, иджы ар республикэм и промышленность псынщIэм щынэхъыфIдыдэхэм зэращIыщ. Я Iуэхуэхэм апхуэдизу захьуэжьныр, абы кьызэрилытэмкIэ, кьызыхэкIар топ-менеджерхэм я деж щыIэдэзэуэ работэхэм нэс, Iэщlагъэлl псори щIэныгъэм щыхагъахьуэ курсхэм илъэсым зэ зэрыкIуэрщ. Аэр щоджи э Москва, Санкт-Петербургъ, Минво д, Пятигорск, Урысейм и нэгъэущ кьалэхэм.

- Фи Iэщlагъэлlэхэр кьалэ жьжьхэзм игъакIуэрэ евгъэджэжьну кьызвхъэлъэкIмэ, егъэджакIуэхэр ди республикэм дэ кьыдогъэбгъапэ, мауэ зыбжанэ фIэкIа мыхъу курсхэм мылькушхуэ текIуадэркьым, кьэвгъакIуэ щыжьтIэкIи, ар я тхьэкIумэ ирагъэхъэну хуейкьым языныкьуэ Iуэхущапlэ унафэщIхэм, - жиIащ Васильченкэ. - Апхуэдизкъым закуэзгъаззэжьыс1нут, ди Iэщlагъэлlэхэм дэ демыгугъуМэ, абыхъм нэгъэщIхэр ящыжь зэрихьэнур. Ди жагъуэ зэрыхъущи, апхуэдэ кьэхъуащ, кьохьу, кьыщыхъурди щыналъэм и гуэнкIапкъэхэм адэжщ - ди Iэщlагъэлlэхэм, щIэныгъэ зэзыгъэгъуэта ди щIалэгъуалэм я зэфIэкIыр нэгъэущIхэм, я зыужьыныгъэм тыхь хуащI. «Быри щymыгъэтIылъам кьыщыпщтэжьи щыIэкъым» - жаIэ урыс хэм, «УмыгъэтIылъ кьэпщтэжьыкъым» - жаIэ адыгэхэм, сэ кьыззэрыслыгъэмкIэ, зи гугъу сщIыхэр ящыщ хъун хуейщ ди унафэщIхэр зыгъэпIейтей Iуэхугъуэхэм.

Правозащитникхэм я центрым и унафэщI **Хьэтэжькиуэ Валерэ** псалъэ щратым, ар кьытеувIащ езыр зи пашэ Iуэхущапlэм граждан жылагъуэр зэфIэувэныкIэ зэфIах лэжьыгъэмэ гу зылъытапхъэу кьилытэ нэгъуэщI Iуэхугъуэхэм.

Къэзакъ жылагъуэ зэгухьныгъэ хэм я лIыкIуэ, ат аман **Уярдов Евгений** и ныбжькIэ щIалэмэ, ди лъэпкъ кущIапlэ кьыIэтат

- Урысейр - щэнхабзэ зэмылIэужьыгъуэкIэ бей лъэпкъ куэду зэхэтхэм я зэкъуэтыныгъэрэ зэныбжьэгъуэгъэкIэ лъэщ кьэралыгъуэщ, - жиIащ абы. - Геополитикэ и лъэныкъуэкIэ укъыщепльмэ, Урысейм Европэмрэ Азиемрэ зэпещIэ, апхуэдизу щыхьукIэ, Кавказыр, нэхъ белджьылыуэ кьапщтэмэ, Къэбэрдей-Балькъэрыр, еджагъэшхуэ Ждановым зэрыжиIащи, «Евразием и псантхуэ зэрыхъущ». Аращ урыс пащтыхьыгъуэм и лъэхъэнэм льандэрэ мы щыналъэм гулыитэ хэха щыхуащIыр. КьыхэгъэщIапхъэщ, XIX лIэщIыгъуэм екIуэкIа геополитикэ зэныкъуэкъуэхэм уВыпIэ нэхъыщхьэ щыхьыбыдыу щыта Инджылызыр Урысеймрэ Кавказымрэ я зэхуэкум эпыщIэныгъэфIхэр дэмыгъэ лыныем зэрегуГуэм хуэдизу, лъэпкъхэр зэмыгъэзэгъыным хуэлажьэ функционерхэр иджыри зэрыщIыIэр. Къэбэрдей-Балькъэрым щыщIыIэ щытыкIэм Кавказ Ищхьэрэм кьыгуэхауэ уеплъ зэрымыкъунур кьэпльытэмэ, ди республикэм и унафэщI гупыщIэр зыIууэ политикэ гугъуэехьэр гурыIуэгъуэщ. Апхуэдизу щыт пэми, гу лъымытэнкIэ Iэмал иIэжьым Кьанокъуэ Арсен зи пашэ унафэщI гупыр правительствэ я кьулыкъум эрыпщIэныгъэфIхэр дэмыгъэ лыныем зэрегуГуэм хуэдизу, лъэпкъхэр зэмыгъэзэгъыным хуэлажьэ функционерхэр иджыри зэрыщIыIэр. Къэбэрдей-Балькъэрым щыщIыIэ щытыкIэм Кавказ Ищхьэрэм кьыгуэхауэ уеплъ зэрымыкъунур кьэпльытэмэ, ди республикэм и унафэщI гупыщIэр зыIууэ политикэ гугъуэехьэр гурыIуэгъуэщ. Апхуэдизу щыт пэми, гу лъымытэнкIэ Iэмал иIэжьым Кьанокъуэ Арсен зи пашэ унафэщI гупыр правительствэ я кьулыкъум эрыпщIэныгъэфIхэр дэмыгъэ лыныем щынэхъыфIдыдэхэм зэращIыщ. Я Iуэхуэхэм апхуэдизу захьуэжьныр, абы кьызэрилытэмкIэ, кьызыхэкIар топ-менеджерхэм я деж щыIэдэзэуэ работэхэм нэс, Iэщlагъэлl псори щIэныгъэм щыхагъахьуэ курсхэм цIыхуэхэм я гупсысэкIэми Iуэху гъэздыхьэкIэми зэрызихьуэжар. КьыхэгъэщIапхъэщ Президентым кьыхилъхьэ Iуэхугъуэхэр щыпlэ администрацIэхэм, кьалэ, кьуажэ унафэщIхэм жьыдэкIуэ кьызэрыдащIэр, ахэр зэфIэкIыным зэкъуэту зэрелэжьыр. Ауэ абы кьыдэкIуэу Зыщыгъэгъупщэн хуейкьым зэблэхъугъуэ лъэхъэнэхэм лъэпощхьэпо куэд кьызэрыкIуэкIыр.

Абыхъэм ящыщ зыуэ мы кьэпсэльапlэм щыжьыгIэну сыхуейт кьулыкъущIэ куэдым зэфIэах лэжьыгъэхэр отчет тхылымпIэхэм адэкIэ зэрыщымыIэр, псалъэ гъущэхэм кьызэзрифIэмыкIыр, жылагъуэ Iуэхущапlэхэм я жэрдэмкэр гулыитэншэу кьызэзыкIыр.

Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, Щlэныгъэхэмкlэ Дунейпсо Адыгэ Академием и вице-президент, «Адыгэ э псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Хьэфыщ1э Мухьэмэд** и псалъэр кьыщIидзащ ди эрэм и пэщIэдзэм псэуа китай дзэзеиз Сун-цзы жиIэтlакIэ: «Бийм, утекIуэну гухуейм», абы и лъэпкъым хьэлъхьэ ахэр зыгъэжэкъуэн зэIуМыбзэкр».

- Къэралкlуэцl бийкэр къэгъэунэхуным, хабзэхэмрэ щыхуэ зэхэтыкIэхэмрэ Iумпэм щыныным, нэгу зегъэужьыкьыкIэ хьэлъныш эхэмрэ макьымэ кущIэнщэжмрэ гъэбгъуэным лъэпкъыр, зэрикIуэдыкIыр ищIэрт пасэрей китай щыхуэ Iущым, - жиIащ Хьэфыщ1ым. - Арат кьызыхуриджэр лIэщыгъуэ блэкIам и 50 гъэхэм ЦУР-м и унафэщIу щыта Даллес Аллен иужькIэ зIуущыгъуэ хъуа и концепцIэкIэ. Иджырей хъыбарегъащIэ Iэмэпсымэхэу Кьухьэпlэ Европэмрэ Урысеймрэ щыIэхэм ущеплъкIэ, ахэр зейхэмрэ зи гугъу ящIхэмрэ щыпlыагъькIэ, щэч кьытymыкьыжу, уи фIэщ мэхъу ищхьэкIэ кьыхэдгъэщIа Iуэху бгъдыхьэкIэхэр иджыри зэрыбыдэр. Сыт хуэдэ хъыбарми «щIэбзит» иIэу щыхуэхэм я пащхьэ ильхьэныр хабзэ я яхуэхьащ иджырей хъыбарегъащIэ «утыкум» итхэм, Абы и лъэныкъуэмкIэ Iэмал зэмылIэужьыгъуэ хъуа и концепцIэкIэ зэрапэм езыхэмэ я «кьарур» я фIэщ ещIыж, щыхуэхэми я щхьэр хагъэунаэзри, пэжри пцIыри яхуэхэмэхужу кьагъанэ. Утыку кьыщрахьэкIэ «захуагъэм», «псоми яфI зыхьэлIым» папщIэщ, и пашэ зэрыщIэзыгъэ Iэмэпсымэхэу Кьухьэпlэ Европэмрэ Урысеймрэ щыIэхэм ущеплъкIэ, ахэр зейхэмрэ зи гугъу ящIхэмрэ щыпlыагъькIэ, щэч кьытymыкьыжу, уи фIэщ мэхъу ищхьэкIэ кьыхэдгъэщIа Iуэху бгъдыхьэкIэхэр иджыри зэрыбыдэр. Сыт хуэдэ хъыбарми «щIэбзит» иIэу щыхуэхэм я пащхьэ ильхьэныр хабзэ я яхуэхьащ иджырей хъыбарегъащIэ «утыкум» итхэм, Абы и лъэныкъуэмкIэ Iэмал зэмылIэужьыгъуэ хъуа и концепцIэкIэ зэрапэм езыхэмэ я «кьарур» я фIэщ ещIыж, щыхуэхэми я щхьэр хагъэунаэзри, пэжри пцIыри яхуэхэмэхужу кьагъанэ. Утыку кьыщрахьэкIэ «захуагъэм», «псоми яфI зыхьэлIым» папщIэщ, и пашэ зэрыщIэзыгъэ Iэмэпсымэхэу Кьухьэпlэ Европэмрэ Урысеймрэ щыIэхэм я кьыкIыпкъэ зэрапlэм, 1763 гъэм хъхьэ яуэ щыта Урыс-Кавказ зауэм и лъыгъажэр зэращымыгъупщар, адыгэ лъэпкъым и хабзэхээри, и дуней, и гъэзри тхыдпэм и «цIыхьэ мывэхэм» зэрыщIэкIар.

- Экономикэ, социальнэ, щэнхабзэ Iуэху кьомыр и закъуэ зэфIэзыхьыфIм правительствэ щыIэкьым, абы цIыхубзм зыщIамыгъакъуэмэ, зыужьыныгъэ лэжьыгъэм псори зэкъуэту емыгугъуМэ, - жиIащ Хьэфыщ1э Мухьэмэд и псалъэм и кIэухыу. - Апхуэдэу дызэкъуэувэфмэщ дэри граждан жылагъуэу зыгIыпытэж щыхьунур. Иужьрей ильэситIым ди республикэм и политикэ-экономикэ гъащIэм игъуэта зэхъуэкIыныгъэфIхэр хэт и дежкIи нэрылъагъуэ. Ар зэхэтщIыкIрэ КъБР-м и Президент Кьанокъуэ Арсенрэ абы и акьылэгъуэхэмрэ я мурадх эр дэтIыгъуэ, дыззэкъуэту дылажьэмэ, пIалъэ кIэщIкIэ Къэбэрдей-Балькъэрыр Урысейм щыщ жэнэт лъахэ тхуэщIынщ. Нэхъыщхьэращи, абыкIэ фIэщхьыныгъэрэ гушхуэныгъэрэ диIэщ.

Адэкlэ кьэпсэльапlэм кьихьащ «Алан» балькъэр жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщIым и кIуэдзэ **Газаев Мухьтар**. Абы диныгащ Хьэфыщ1э Мухьэмэд и псалъэхэр ирикIи жиIащ сыт хуэдэ Iуэху еплыкIэри кьэпIуатэ щыхьуну ди лъэхъэнэм щыхьухэм я шынагъэншагъэмрэ жылагъуэ зэпIэзэрытыныгъэмрэ пщIэ хуимышIыну зыми хуитныныгъэ зэримыIэр.

- ЩIыпlэ властыр щаухъэм административнэ гъэпсыкIэ ткIипм иту кьызэрIагъэуват, - жиIащ Гаазаевым. - Ар иджыри зэрымылъэлъэжар зэзэмылъэм кьыдедгъэльагъу ди Президентым кьищтэ унафэ пIуухьыкIахэм щIыпlэ кьулыкъущIэхэр кьызэрыпэджжэщIыкIэм, къэмыланджэу псори зэрыззэщIэну зэрыхьэзыщIым. Ар егъэлтея мыхьуу, административнэ машинэм граждан жылагъуэр зэтримыкъутэу зэтеэзыIыгъэри езы Президентым и Iущагъыр. ИкIи нобэ дэ яхуэдэ хъунукъым диктатурэм дыхуэхьэжыну дезыгъэз кьарухэм я текъуэныгъэхэр, ар лъэпкъыр лIэщIыгъуэ утхьуахэм хуэзыщIэж лъэбакъуэ пэнжкIи. Абы кьыхэкIэ дэ сыт хуэдизкIи дыхуэсакьын хуейщ зыужьыным щIэзыдза кьудей демократием и «кьуэпс лантIэр» зэрытхьуэмэным. Абы и лъэныкъуэкIи КъБР-м и Президент Кьанокъуэ Арсен кьыхилъхьэ псори зэрыдэтIыгъыным дыхущIэкъупхъэщ.

ЩIым телэжьныс, Iэщ зыгъэхьу цIыхуэхэм, кьызэрыгуэкI кьуажэдэс куэдым ягу кьишхыдыкIащ «Аграрнэ Урысей» партым и лIыкIуэу зэIущIэм я хэта **Тъмаээ Руслан**рэ мэкъумэш-фермер хозяйствэхэм я лэжьакIуэхэм кьабгъэдэкIыу кьэпсэльа **Егъэн Ибрэхьимрэ**. Ахэр тепсэльыхьащ щы зехьэным пыща гугъуехьэхэм, щыр уней мыльку щыным теухуауэ екIуэкI псалъэмакъэр Iуэхум щыхуэмыдэнымрэ абы и зэфIэкIыкIунымрэ, бэджэндырылажьэмрэ фермерымрэ зэрызэщхьэщыкIым, нэгъэущI куэдми.

- Бэджэндырылажьэм кьалэну зыхуигъэувыжыр зыщ: нэхъ мащIэ хилъхьэу нэхъыбэ кьызэрыхихьыжынырщ, - жиIащ Егъэн Ибрэхьим. - Ауэ щым апхуэдизу убгъэдыхьэ хэунукъым. Ар хуэныкъуэщ гудзакъэ зиIэ щIэхуэм я Iэхэм. Ауэ мы лъэхъэнэм ирихьэлIу дэ дыщыгъуазэкъым адэкIэ щым телэжьыхьхэм, Iэщ зыгъэзэхъуэжи, гъавэ зыгъэкIэм ди Iуэху зэрыхъунур. Апхуэдизурэ екIуэкIмэ, ди кьуажэхэр нэхъри дэхуэхьнущ. Аращ дэ нобэ дызыгъэпIейтейр. Дэ дыдоIыгъ Кьанокъуэ Арсен иукъуэдий унэ тIыныгъэр, зыужьыныгъэ гъуэгур, ауэ, Iэтащхьэр кьаззрыщыхьыр абы и хьуреягъым щытхэм ирапlлъ фэращ, жаIэ игъащIэми, ди жагъуэ зэрыхъущи, ди Президентым и хьуреягъым кьыщыт куэдым абы и унафэхэр ягъэзащIэркъым, абы и зэфIэкIыр ягъэныкъуэн, цIыхуэхэм гуэкIыгъэ щIэрыдмкIэ. Дэрэ зыгъэзащIэ мурадкIэ. Дэрэ апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэм уэзримыгъэпIейтеинур?!

- Фи махуэ фIыуэ! - жиIэри адыгэбзэкIэ кьызэхуэсахэм захуигъэзащ адыгэ фащэ екIу щыгъыу щыхуэхэм я пащхьэ кьихьа **КIэш Руслан** («Адыгэ конгресс»). - Нобэрей ди зэхьыхьэм хуэдэ республикэм и тхыдэм кьыщыхьуакьым. Ар и нэщэнэщ ди зэхэтыкIэр я зехьэфI зэрыхъум, граждан жылагъуэ зэпIэзэрытыригъуэтым. Иужьрей ильэситIыкIэр тхыдэм кьызэрыхэнэжар идеологие гуэрри щыщIмыIа, лъэпкъ зэщIэхъееныгъэ псори щрагуха лъэхъэнэуэ. Абы кьриклIуэ экстремист «зэмыфэгъуэр» ди лъэхъэм кьызэрыгуэныр. ПIэжщ, нобэ Iуэхум нэхъыфIкIэ зехьуэж, ауэ, псынщIэу кьыдэхъулIэркъым. Мы лъэхъэнэми щыIэщ зэгурымыIуэныгъэ кьызэхъуным хуэлажьэ, «бийм» и теплъэщIэ кьэгъэщIыным хуущIэкIу, абыкIэ фейдэ лъыхьу я кьаруxэр. Аращи, зэгурэрми хуэмыдэжу дыхуэныкъуэщ зэпIэзэрытыныгъэм, зэгурыIуэм, шыIэныгъэм. Ауэ абыхэм я кьежьапlэр зэрыльэтэныр зэрыльагъунымрэщ.

Ди жагъуэ зэрыхъущи, блэкIащ «хабзэр бзэгуфIэ зэрахьэркъым, ягъэзащIэу ярадж щыжаIэу щыта зэманыр. Зэ уэмыдэжу хабзэр, сыт хуэдэ идеологиеми хуэдэу, щIэгъэжьынрэ дэIэпыкIу эгъуэрэ нобэ хуэныкъуэщ. Ди лъэпкъыр лIэщIыгъуэ мин куэд льандэрэ кьызэрыгъуэгурыкIуэр зи фIыщIэхэм ящыщ хабзэр. Ноби дызыхэт гугъуехьэхэм дыкъыхишыфыну хьэзырщ ар, ди акъыл тхурикъурэ, ар зыIыщIэдмыгъэкIмэ. Хабзэр кьэзыгъэщIар дэракъым, икIи дэ дыхуэнтIыкым ар гъгъэнуэдыжыну. Ар кьытщымыщIын щхьэкIэщ ди лъэпкъ Iэщlагъэхэр, махуэшхуэхэр, джэгуэхэр, псэкупсэ щэнхабзэр, шы гъэхуныр, нэгъэущI Iуэхущlафэхэри кьэдгъэщIэрэщIэжьын щыIуехьуэр.

Адэкlэ кьэпсэльапlэр хуит хуащIащ республикэм щыIэ еджапIэ нэхъыщхьэхэм я студент зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэм. Иджырей щIалэгъуалэр щыгъэпIейтейхэм тепсэльыхьащ **Бозий Хьэсэнбий** (КъБКъМА), **Лу Азэмэт** (КъБКъУ), **Мирзоев Азрет** (СКГИИ) сымэ. Абыхэм кьыхагъэщащ щIэныгъэ ззэзыгъэгъуэта ныбжьыщIэхэр щIэныгъэкIэ кьызэгъэпэщыным пыща гугъуехьэхэр нэхъ мащIэ зэрымыхьуар, еджэныгъэм и кIуэцIкIэ зыIууэ лъэпощхьэпохэр, нэгъуэщIэхэр.

- ЩIалэгъуалэ лэжьакIэнэщагъэ и нэщэнэщ егъэджэныгъэм кьэралым хилъхьэ мылькур псыхэкIуадэ зэрыхьум, - жаIащ а щIалэхэм.

Къэпсэльэныгъэхэр зэфIэкIыу, зэгъущIэм хэтхэм сыхьэт ныкъуэкIэ загъэпсэхуа нэужь, зэхуэсым и лэжьыгъэм пищэжащ щалэгъуалэ проектхэр кьэгъэльэгъуэныжьыкIэ. НыбжьыщIэ зэгухьэныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм утыку кьрахьащ дыкъэзыхуэрееихь дунейр хьумэныжьыкIэ, сабий зеиншэхэм кьащхъэщыжьыжьымкIэ, кьабзагъэм кIэльыпlъэныжьыкIэ, хьэрычэтыщIэ Iуэху мыин кьызэрэпэщыжьыкIэ, щэнхабзэм зегъэужьыжьыкIэ я Iуэху епlыкIэхэр кьыщIауэтэ лэжьыгъэ гъпщIэгъуэнхэр. Псалъэм папщIэ, **Курановэ Екатеринэрэ Къэбэрдокъуэ Мурат**рэ (СКГИИ) я проектыр теухуат Къэбэрдей-Балькъэрым щыIэ лъэпкъ, автор макьамэхэр Европэм щызэбгрыбгъжькI зэрыхьыну Iэмалхэм. **Хутэ Заур** (КъБКъУ) социальнэ проект зыбжанэ зэуэ кьигъэлъэгуащ. «Театрым щы-

КъБР-м и Президент Кьанокъуэ Арсен.

цIыхуэхэм я гупсысэкIэми Iуэху бгъэдыхьэкIэми зэрызихьуэжар. КьыхэгъэщIапхъэщ Президентым кьыхилъхьэ Iуэхугъуэхэр щIыпlэ администрацIэхэм, кьалэ, кьуажэ унафэщIхэм жьыдэкIуэ кьызэрыдащIэр, ахэр зэфIэкIыным зэкъуэту зэрелэжьыр. Ауэ абы кьыдэкIуэу Зыщыгъэгъупщэн хуейкьым зэблэхъугъуэ лъэхъэнэхэм лъэпощхьэпо куэд кьызэрыкIуэкIыр.

Абыхэм ящыщ зыуэ мы кьэпсэльапlэм щыжьыгIэну сыхуейт кьулыкъущIэ куэдым зэфIэах лэжьыгъэхэр отчет тхылымпIэхэм адэкIэ зэрыщымыIэр, псалъэ гъущэхэм кьызэрифIэмыкIыр, жылагъуэ Iуэхущапlэхэм я жэрдэмкэр гулыитэншэу кьызэрыкIыр.

Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, Щlэныгъэхэмкlэ Дунейпсо Адыгэ Академием и вице-президент, «Адыгэ э псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Хьэфыщ1э Мухьэмэд** и псалъэр кьыщIидзащ ди эрэм и пэщIэдзэм псэуа китай дзэзеиз Сун-цзы жиIэтlакIэ: «Бийм, утекIуэну гухуейм», абы и лъэныкъуэмкIэ Iэмалхэм я

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Щапхъэ зимыIэм бзыпхъэр фIокIуэд

Дызыхуэкlуэ маззэм

ЩЭКIУЭГЪУЭМ И 1-М
♦Илъэс 90 ирокъу КъБР-м и цыхубэ усакIуэ, Ленин саугъэтым, СССР-м, РСФСР-м я къэрал саугъэтэхм я лауреат, балъкъэр усакIуэ **Кулиев Кьайсын** кьыззэралъхуэр. 1985 гъэм дунейм ехьжащ.
♦1922 гъэм Налшык парт школ кьыщыдзыхащ.
♦1936 гъэм Налшык урыс драмэ театр кьыщызэIухащ.
♦И ныбжькьи илъэс 60 ирокъу медицинэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Шыгушэ Хьэсэн.**
♦Алжиримэ и лъэпкъ махуэшхуэщ.

ЩЭКIУЭГЪУЭМ И 2-м
♦1940 гъэм кьалжыащ УФ-м гъэзджэмкIэ щыIэ зиIэ и лэжьакIуэ, композитор щIэрыIуэ **Молэ Вадимир.**
♦1942 гъэм Къэбэрдей-Балькъэрым и партизан гуп Хьэбэз щыIэ нэмыцэ быдапIэм теуэри, хэщIыныгъэшхэр иритащ.
♦1949 гъэм Къэбэрдей бгылъагъ заповедникыр кьызэрагъэпэщащ.

♦И ныбжьыр илъэс 60 ирокъу тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Бгъэжьнокьуэ Барэсбий.**

ЩЭКIУЭГЪУЭМ И 3-м
♦1562 гъэм Къэбэрдей пщы уэлий Идар Темрыкьуэ и щIалэ Думэныкьуэ и гъуэгу Астрахьэн хъаным и дежкIуэу щытащ.
♦Илъэси 100 ипэкIэ (1907) Франджым дунейм щыяпэу вертолет щагъэлъэтащ.
♦1931 гъэм Къэбэрдей-Балькъэрым БЦИК-м и щIыхь тхылъ кьыратащ.
♦Доминикэм и лъэпкъ махуэщхуэщ.
♦Панамэм и лъэпкъ махуэшхуэщ.

ЩЭКIУЭГЪУЭМ И 4-м
♦Илъэс 265-рэ ипэкIэ (1742) дунейм ехьжащ пщы **Черкасский Михаил и кьуэ Алексей,** Урысейм и Правительствэм и УнафэщIу щытар, адыгэплыр.
♦1890 гъэм дунейм щыяпэу Лондон метро кьыщызэIуахащ.
♦И ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокъу тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ **Думэн Мухьтар и кьуэ Хьэсэн** .

ЩЭКIУЭГЪУЭМ И 5-м
♦Илъэс 85-рэ ипэкIэ (1922) Налшык щызэхэтащ Къэбэрдей-Балькъэрым и щIыхьзхэм я ятIонэрэ зэIущIэшхуэ.



♦Илъэс 65-рэ ирокъу адыгэ сурэтыщI-график **Кьэрпокъ Мухьэмэд** кьызэралъхуэр. 2001 гъэм дунейм ехьжащ.
♦Илъэс 40 ирокъу (1967) Москва «Останкино» телецентрыр зэрыщытрэ.
♦Зауэ тIасхьэщIэхым и махуэщ.

ЩЭКIУЭГЪУЭМ И 6-м
♦1731 гъэм кьызэрагъэпэщащ Урысейм и Министрхэм я Кабинет.

♦Илъэс 90 ирокъу 1956 - 1985 гъэхэм Къэбэрдей-Балькъэрым и унафэщIу, къэрал-политикэ, жылагъуэ лэжьакIуэщхуэу щыта **Мэлбахьуэ Кьубатий и кьуэ Тимборэ** кьызэралъхуэр. 1999 гъэм дунейм ехьжащ.

ЩЭКIУЭГЪУЭМ И 7-м
♦Илъэс 90 (1917) ирокъу Октябрь социалист революцэ Иныр.



♦Илъэс 90 ирокъу КъБР-м и адыгэ усакIуэ **Макитов Исхьэкъ и кьуэ Сафар** кьызэралъхуэр.
♦1928 гъэм Акьбащ ГЭС-р лажьэу яутIыпщащ.
♦1941 гъэм Москва и Ут Плъыжьым щекIуэкIащ СССР-м и Дзэ Плъыжьым и парад. Абы хэтахэр занщIэуи зауэм Iухьауэ щытащ.

ЩЭКIУЭГЪУЭМ И 8-м
♦1917 гъэм Советхэм я Урысейпсо съезд зэхэтащ. Абы кьыщащтащ Мамырыгъэм, Щым ятеуухуа декретхэр, кьыщызэрагъэпэщащ Цыхубэ Комиссархэм я Совет, Ленин Владимир и пащIэу.



♦Илъэси 125-рэ ирокъу Ленин орденыр зыхуагъэфэща адыгэ усакIуэ **Хьэхъуп Iащ Iэ Амырхьан** кьызэралъхуэр. 1973 гъэм дунейм ехьжащ.

♦Илъэс 75-рэ ирокъу Социалист Лэжьыгъэм и Лыхьужь, КъБР-м щыIэ зиIэ и нартыхуэгъэкI **Щауэ Iэхьедкьызэралъхуэр.**

● Махуэгъэпс

♦1939 гъэм кьызэрагъэпэщащ Балькъэр колхоз-совхоз театрыр.

ЩЭКIУЭГЪУЭМ И 9-м
♦1911 гъэм ипэ парашютыр ягъэунэхуащ.
♦1918 гъэм Къатхъэн Назир пащтыхь генерал Мистулов и дзэр зэтрикьутащ.
♦1941 гъэм къалъхуащ Урысей Федерацэм и щыхуэгъэрэтащI, Краснодэр щыIэ художественнэ институтым и профессор, РАХ-м и членкорреспондент, ШЩАА-м и академик **Пащты Герман.**
♦Фlагъым и дунейпсо махуэщ.

ЩЭКIУЭГЪУЭМ И 10-м
♦1741 гъэм **Черкасский Михаил и кьуэ Алексей** Урысейм и Правительствэм и УнафэщIу ягъэуващ.



♦И ныбжьыр илъэс 60 ирокъу техникэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, КъБКъУ-м и ректор, УФ-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Къарэмырзэ Барэсбий.**
♦1982 гъэм Брежнев Леонид дунейм ехьжащ.
♦Щlалэгъуалэм и дунейпсо махуэщ.
♦Милицэм и махуэщ.

ЩЭКIУЭГЪУЭМ И 11-м
♦1908 гъэм Бэракъ Плъыжь орденыр зыхуагъэфэщащ Шемякин (Кьардэн) Михаил къалъхуащ.
♦Илъэс 70 ирокъу экономикэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъМА-м и профессор **Жанджэрий Юрий** кьызэралъхуэр. 2006 гъэм дунейм ехьжащ.

ЩЭКIУЭГЪУЭМ И 14-м
♦1851 гъэм Санкт-Петербург - Москва гъущI гъуэгум яIэу пассажир мафIэгу ирикIуащ.
♦1956 гъэм КПСС-м и обкомым и пленумым щытепсэлъыхьащ Къэбэрдейр езым фIэфIу Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 зэрырикъум зэрыхуагъэхьэзырым. Доклад зыщIар КПСС-м и обкомым и секретарь Бэрбэч Хьэтхутlэщ.
♦И ныбжьыр илъэс 85-рэ ирокъу УФ-м щIэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ, Налшык кьалэн и Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Къэфэдз Кьасым и кьуэ Джылахьстэн.**
♦И ныбжьыр илъэс 60 ирокъу физикэ-математикэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **ПащIэ Ахьмэд.**
♦И ныбжьыр илъэс 60 ирокъу физикэ-математикэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Къэрмокъуэ Ахьмэд.**
♦Фlощыгъу диабетым ебэныным и дунейпсо махуэщ.

ЩЭКIУЭГЪУЭМ И 15-м
♦1764 гъэм кьызэрагъэпэщащ Урысейм Художествэхэмкlэ и академиер.
♦И ныбжьыр илъэс 70 ирокъу техникэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъМА-м и профессор, ШЩАА-м и член-корреспондент, КъБР-м мэкъумэш щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Хьэшыр Юрий.**
♦ И ныбжьыр илъэс 50 ирокъу журналист Iэзэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редакторым и кьуэдзэ **Ширдий Хьэжумэд ипхъу Мариндж.**
♦Дзэм ираджэн и дунейпсо махуэщ.

ЩЭКIУЭГЪУЭМ И 16-м
♦1942 гъэм Къэбэрдей-Балькъэрым кьыщыдэкIыу щIидзащ «Совет Къэбэрдей-Балькъэрым папщIэ» листовкэр.



♦И ныбжьыр илъэс 50 ирокъу КъБР-м щIыхь зиIэ и артист, Къэбэрдей-Балькъэр кьэрал Музыкэ театрым и уэрэжьакIуэ пажэ **Батыр Мухьэдин.**
♦ Бэшэчагъэм и дунейпсо махуэщ.
♦Тенджыз лъэсыдзэм и махуэщ.

ЩЭКIУЭГЪУЭМ И 17-м
♦1869 гъэм кьызэIуахащ Мысырым (Египетым) и Суэц кIэнагъэр.
♦1920 гъэм Горскэ АССР-р кьызэрагъэпэщащ.
♦1970 гъэм «Луна-17» станцым Маззэм тригъэтIысыжащ «Луноход-1» аппаратыр.
♦1933 гъэм СССР-мрэ США-мрэ дипломат зэпыщIэныгъэ яIэ хъуащ.
♦Студентхэм я дунейпсо махуэщ.

ЩЭКIУЭГЪУЭМ И 18-м
♦ 1866 гъэм Къэбэрдейм мэкъумэшыщIэхэр щыпылъ-пIэм щрагъэжащ.
♦Илъэс 70 ирокъу Адыгэ Республикэм щэнхабзэмкIэ щыхь зиIэ и лэжьакIуэ, тхакIуэ, журналист **Багъ Нурбий** кьызэралъхуэр. 1994 гъэм дунейм ехьжащ.
♦ 1943 гъэм къалъхуащ УФ-м, КъБР-м, АР-м, КъШР-м, Кубаным гъуэзджэмкIэ щыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Адыгэ Республикэм и Къэрал саугъэтым и лауреат, композитор **Нэхей Аслъэн.**
♦Тутын ефэныр мыдэнымк и дунейпсо махуэщ.
♦Ракетэдзэхэмрэ артиллериемрэ я махуэщ.
♦Латвием и лъэпкъ махуэщхуэщ.

ЩЭКIУЭГЪУЭМ И 19-м
♦ 1941 гъэм ЗыхьумэжьныгъэмкIэ Налшык комитетым унафэ ищIащ 115-нэ Къэбэрдей-Балькъэр шууей дивизэр кьызэрэпэщыным теухуауэ.
♦ Монакэм и лъэпкъ махуэщхуэщ.

ЩЭКIУЭГЪУЭМ И 20-м
♦ 1480 гъэм Урысейм тэт зэмонгол тепщэныгъэр щичащ.
♦ И ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокъу филологие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, ШЩАА-м и академик **Габбие Зинаидэ.**
♦ 1999 гъэм ягъэуващ «КъБР-м щыхь зиIэ и юрист» цIэ лапIэр.
♦ Сабийм и дунейпсо махуэщ.

ЩЭКIУЭГЪУЭМ И 21-р
♦Хьуэхъуи и дунейпсо махуэщ.
♦Телевиденэм и дунейпсо махуэщ.
♦УФ-м и налог органхэм я лэжьакIуэхэм я махуэщ.

ЩЭКIУЭГЪУЭМ И 23-м
♦ 1965 гъэм кьызэрагъэпэщащ СССР-м и Кинематографистхэм я союзыр.
♦ 1794 гъэм къалъхуащ адыгэ еджагъэшхуэ, тхыдэтх, филолог , уэзщIакIуэ ин **Нэгумэ Шорэ.** 1844 гъэм дунейм ехьжащ.



♦И ныбжьыр илъэс 60 ирокъу адыгэ усакIуэ, журналист Iэзэ **Уэрэсей Пщымахуэ и кьуэ Афлик.**

ЩЭКIУЭГЪУЭМ И 24-м
♦1956 гъэм КПСС-м и ЦК-м унафэ кьищтащ балькъэр, кьэрэшей, кьалмыкъ, ингуш, шэшэн лъэпкъхэм я автономиер зэфIэгъэзэжьным теухуауэ.
♦Конгэм и лъэпкъ махуэщхуэщ.

ЩЭКIУЭГЪУЭМ И 25-м
♦1399 гъэм Москва Кремлым и блынэр зэтельхьэн щIадзащ.
♦1741 гъэм **Черкасский Михаил и кьуэ Алексей** и пщэ иралъхьат Петр Езанэм ипхъу Елизаветэ Пащтыхь гуащэ кьулыкьум зэрыпэрыувэну манифестымрэ абы кьыдыхь тхърыIуэмрэ зэхихльхьэну.

♦Илъэс 80 ирокъу литературовед, критик, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Шэвлокьуэ Петр** кьызэралъхуэр.
1998 гъэм дунейм ехьжащ.
♦1921 гъэм Къэбэрдейм и Советхэм я учредительнэ съездыр кьызэIуахащ.
♦Урысей анэхъэм я махуэщ.

ЩЭКIУЭГЪУЭМ И 28-м
♦1942 гъэм Къэбэрдей-Балькъэр партизан гуп Жэмтхьэлэ и пщэ щыIэ нэмыцэ быдапIэм теуащ, хэщIыныгъэшхуэ иритащ.
♦1943 гъэм Сталин, Рузвелт, Черчилль сымэ эыхэт Тегеран конференциям и лэжьыгъэм щIидзащ. Щихэр дыгъэгъазэм и 1-рщ.

ЩЭКIУЭГЪУЭМ И 29-м
♦1917 гъэм ЦIагъуэ Нурийрэ Дым Iэдэмрэ «Адыгэ макъ» газетым и япэ номерыр Бахьсэн кьыщыдагъэкIащ.
♦И ныбжьыр илъэс 55-рэ ирокъу шэрджэс сурэтыщI Iэзэ **Хьэгъундокьуэ Мухьэмэд.**

ЩЭКIУЭГЪУЭМ И 30-м
♦1571 гъэм дунейм ехьжащ Къэбэрдей пщы уэлий **Идар Темрыкьуэ.** Гроэзный Иван пащтыхьым щхьэгъусэ хуэхъуа Гуащэнэ (Марие) и адэр.
♦ 1968 гъэм ягъэуващ космонавт Гагарин Юрий и Дыщэ медалыр.

МЫ ГЪЭМ:
♦Илъэси 145-рэ ипэкIэ (1862) Борыкьуей (Арыкь) кьуажэр жылагъуэ тIысащ.
♦Илъэси 120-рэ ипэкIэ (1887) Бахьсэн псыхьэ япэ кьуей завод кьыщызэIуахащ.
♦Илъэс 95-рэ ипэкIэ (1912) Котляревскэ шагъыр заводыр кьызэIуахащ.
♦Илъэс 90 ипэкIэ (1917) Щоджэнцыкьу Алий Тыркум щыIэу ятхащ «Нанэ» усэ щIэрыIуэр.
♦Илъэс 85-рэ ипэкIэ (1922) Налшык, Прохладнэ, Бакъэсэн лэжьыгъэ щыщIадзащ чырбышкхъуэщIэн заводкэм.
♦Илъэс 70 ипэкIэ (1937) дунейм ехьжащ щIэныгъэлI **Борыкьуей ТIутIэ** , тхакIуэхэу **Кьуэжей Сосрыкьуэ, Махъсидэ Залымыкан,** тхакIуэ, щIэныгъэлI **Нало Жансэхьу** , усакIуэ **Пщынокьуэ Абдул,** тхакIуэ, драматург **Щэрэтlокьуэ Тэсэлътlан** сымэ.

ЗыгъэкIуэзэрар **УЭРЫШ Нурхьэлийщ.**

● Фи лъIукIэ

Сыщолъыхъуэ насып уэ уи деж

Псалъэхэр **Джатэжьокьуэ Борис,**
макъамэр **Ахъмэт Щэлэуат**

Гъатхэ жэщыр нэхъри щыхэкIуатэм, ейщ.
Сэрмакъдэсхэр псори щым мэхъуж,
Сэ си закъуэ Балъкъ и Iэуэлъауэм
СыщIэдэIуу пIэм сыхогъуэлъхьэж.

Зы сыхьэти жеин щыслъэмыкIым,
Сыкьотэджри сокIуэр псым и деж,
Уэрэд жысIэр уэ щыIэхомыхьм,
Сэ аргуэру унэм сыкъокIуэж.

Уи фэр есплъу епэр удз гъэгъахэм
СригуфIэу пэшым сыщIокъхьэ;
Къэушащи, нэхущ кьуалэбзухэм
СагъэпIащIэу си пIэр Iуэохым.

Мис анэуэдащ, Борис, лъагъуныгъэм
Зы дакъикъи уэркIэ зимыхъуэж.
Си уэрэдхэр фIыуэ зэхэпхатэм,
ПщIэт итIанэ уэрыгъэпэж.

Си ныбжьэгъу хъыджэбзхэм сэ сахуэзэм,
Уи гугъу куэдрэ ахэм кьысхуащIыж:
«Институтым щыдгъэкIуа илъэсхэм
Борис фIыуэ плъагъурт», - кьызжаIэж.

И дахэгъуэу дунейр щыщIэращIэм
Сыщолъыхъуэ, насып уэ уи деж,
И чэзу нэсащ къызэпта пIалъэм, -
Лэгъунэщ Iэм тIури дыгъэкIуэж.

● Фlощlыгъуэ

Адыгэ театрым фрегъэб–

Щоджэнцыкьу Алий и щIэр ЗЫМЫ Адыгэ драмэ театрым щэкIуэгъуэ маззэм фыщепльыфынущ мыпхуэдэ спектаклхэм:

Щэкlуэгъуэм и 6-м:
Мурат Чапай. **«Кьулыкьущlэкьуэхэр»** *(сатирэ).*

Щэкlуэгъуэм и 13-м:
Хуэдэ Георгий. **«Бабыцэ, Хьэмыцэ, Хьэмел, Дарданел»** *(комедие).*

Щэкlуэгъуэм и 20-м:
Эдуардо де Филиппо. **«Щыхуэц нкIи джентльменщ»** *(комедие).*

Щэкlуэгъуэм и 22-м:
Николаи Альдо. ***«Гуфтыгэнщэ хъуэхэр»*** *(трагикомедиэ).*

Щэкlуэгъуэм и 27-м:
Нало Заур. **«Iэфlынэ и нэ фlыцIитIыр»** (пиирикэ драмэ).

Театрым и хуэ жественнэ унафэщIыр Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артист

Шыбзыхъуэ Басирщ.

Щыщlдзэнур сыхьэт 18-рщ.

УпщIэ зиIэхэр фыкъэпсалъэ хъунущ мыпхуэдэ телефонэмкIэ: **42-64-94, 42-33-89.**

● Гу зылъытапхъэ

Лэжьэгъуэхэм, ныбжьэгъуэхэм хъыбар фагъащIэ Бахьсэн районым щыщ «Трудовой горец» колхозым и тхьэмадэу щыта, «Къббалъкъпромторгой» трестым и унафэщIым и къуэдзэу лэжьа **Тхьэгъэпсо Мухьэмэд Хьэмид и къуэр** зэрыщIэсу зэрыплакIэ икIи дунейм ехьжам и Iыхьлыхэмэ я благъэхэмрэ яхуогуэзащ.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Прокуратурэр, Налшык къалэм и прокуратурэр **Тхьэгъэпсо Анатолий Хьэмид и кIыхьэм** хуогуэзащ ди и къуэр **Тхьэгъэпсо Мухьэмэд Хьэмид и къуэр** зэрылIам икIыхьлыхьэ.

«Эльбрус» тхылъ тедзапIэм и лэжьакIуэхэм гуаузэ ящыхъуаужь хъыбар фагъащIэ Бахьсэн районым щыщ «Трудовой горец» колхозым и тхьэмадэу щыта, «Къббалъкъпромторгой» трестым и унафэщIым и къуэдзэу лэжьа **Тхьэгъэпсо Мухьэмэд Хьэмид и къуэр** зэрыплакIэ икIи дунейм ехьжам и Iыхьлыхьэмрэ я благъэхэмрэ яхуогуэзащ.

● Псапэ

Гуапагъэр зи Iэужьхэр

Мыгъэрей жэпуэгъуэ мазэр псапэ ящIэну зигу ильхэм пащIэ къэунэхуа хуэдэт. Абы зи ныбжь хэкIуэтахэм я махуэри нэщIыкIыж хьидри хиубыдащ. А эманым Къулыкьуэжьи Iщыхьэр къуажэм и администрацэм и Iэтащхьэ Кумыщ Хьэмидбийр абы и лижьэгъуэмрэ псапэ куэд ялъжащ.

ЗИ НЫБЖЬ хэкIуэтахэм я махуэм ирихьэлIэу абыхэм къуажэм дэс нэхъыжьхэр ирагъэблагъэри ерыскъы Iэнэ къыхуащтащ, хъуэхъу дахэ жраIащ. КьинэмышIаэ, къуажэм дэс унагъуэ нэхъ хуэмыщIахэм хуагъэшащ сэхуран дагъэу литр щырыщ, фошыгъуэу килограмм тхурытху, пруджу килограмм тIурытI. Апхуэдэ жумартыгъэ яхэлъщ бэджэн дырылажьэхэу Жыгун ФуIэд, Кумыщ Хьисэ, Пщыхьэщхьэ Хьэлий сымэ. Зы пIэси кьанэркъым мы щIалэхэм унагъуэ хуэмыщIа хэр ямыгъэгуфIэу. Мы гъэм Пщыхьэщ Хьэлий унагъуи 10-м хьэцентнер зырыз яритащ. Кумыщ Хьисир нартыху центнер тIурытIкIэ унагъуинщIым яхуэупсащ. Жыгун ФуIэд сэхуран дагъэрэ нартыхухэ яхуэгъэпащ.

Къэбэрдей-Балькъэрым и Парламентым ди къуажэм и лIыкIуэу щыIэ Кьардэн Валери лъэныкъуэкIэ щытаккым. Сыт щыгъуи хуэдэу, ар жыджэру хэтащ кърахьэжьа Iуэху дахэм. Сэдэхъэрату Кьулыкьужьи Ищхьэрэм дэс цIыху 42-м Валерэ сом мин тхурытху яритащ. Абыхэм ящыщу администрацэм и унэм къэкIуэфахэм абдеж щиритащ, зэIущIэм кьемыкIуэлIэфахэм я унэхэм яхуихьыгъэ яхуигуэшащ, псалъэ дахэ яжриащ.

Гульытэ зыхуащIа псори ехьэхъэхъуащ мыпхуэдэ щIыхь жумартхэм. «Фи гъащIэр кIыхьу, нэщIэбжьэ фымыльагъуу, фи мылъку хьэлэлым псапэ хэфщIыкIыфу куэдрэ Тхьэм фигъэпсэу», - гум къыбгъэдэкI апхуэдэ псалъэхэмкIэ зыкьыхуагъэзэжащ кьуажэдэсхэм псапэр зи Iэрыкl щIалэхэм.

КЬЭЗАКЪ Сэфарбий,
Къулькъужьи Ищхьэрэ къуажэм и нэхъыжьхэм я советым и тхьэмадэ.

● Тхылъыщlэ



Иджыблагъэ «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм кьыщыдэкIащ композитор гъуэзэджэ Хьэлитэ Джэбрэйл итха, ар зыхэлажьыхьыжа уэрэд нэхъыфIэр щыIэхуэхьэса тхылъыщIэ «Гупсыс» зыфIищар. Тхылъым и тепщэр зыщIар художник Бгъэжьнокьуэ Заурбэчыр, уэрэдхэм ящIыгъу но тэхэр юмпьютеркIэ къэзыщыпар Силин Юрэщ.

ТХЫЛЪЫМ кьыщыхьа уэрэд купщIафIэхэм я гугъу сщIыным ипэ кьыхуэу, сыхуейт Джэбрэйл и тепщэм пэ ящIэ псалъэ хуищIар зы хьэрф дэмыхуэуэ мыбдежьым кьыщыхьыну. Сыту жыпIэмэ, абыхэм щыуагъэнпшэу, егъэлеиныгъэ лъэпкъи хэмыльу кьагъэтьагъуэ зи Iэщ Iагъэм фIыуэ хэзыщIыкI щыхьи и гумызагъэ лъжьэкIэмрэ и гурыхуагъэмрэ, ныб жьыщIэхэм ярипх гугъапIэхэмрэ профессионалыгъэ макъамэр псомэ и лъабжьыуэ зэрыщытымрэ. Нобэр кьыздэсым сощIэж сыщыщабгъм зэхэх за макъамэхэр. Абыхэм сыщIэзыгъэдэIуи сиIащ. Хьэлитэ лъэпкъым пшынауэ куэд кьыхэкIащ, уэрэд зыуси хэтащ. А уэрэдхэм ящыщ зыбжанэ мы тхылъым ихуащ, сэ субыдыжьэ. ЗэрысщIэжрэ щыхубэ уэрэдхэмрэ пшынальэхэмрэ псэкIэ сапIащIащ, абыхэм ящыщу куэд дыдэ стхьжащ. Щыхур малIэри уэрэдыр кьонэ. Стхьжа, сызыхэлэжьыхьа адыгэ уэрэдхэр щапхъэ яхуэхъункIэ согугъэ апхуэдэ дэжьыгъэм пэрыувэну гукьыдэжь зыщIа ныбжьыщIэжм. Ди уэрэдыпхъэм зэрыбгъэдыхьэн хуейр кьагъэтьагъуэ абыхэм. Щапхъэ зимыIэм бзыпхъэр фIокIуэд, *жиIащ*, - етх Хьэлупэм.

Хьэлупэм зэрыжиIэмкIэ, мы уэрэдыпхъэр кьыдэкIыным щхьэусыгъуэ нэ хьыбзэу хуэхъуар и уэрэдхэраркъым, атIэ итхьыжахэр, зыхэлэжьыхьыжахэр мыкIуэдмэ нэхъ кьызэрищтарщ. «Абы кьыхэкIыу, мы тхылъыр уэрэдылъэ кьудейуэ щытыну сыхуейтэкъым. УщытъэпкъкIэ, Iэмал имыIэу щIэблэ кьыщIэ хъэунущи, сэ кьыскIэлъэтыкIуэну музыкантхэм, композиторхэм (Тхъэм апхуэдэхэр куэду кьыдит) адыгэ макъамэм и Iэхъэлыкьэр кьагурыIуэныжмкIэ, бгъэдыхьэкIэ кьыхуагъэуэтыныжмкIэ тхылъыр абыхэм щIэгъэкъуэн яхуэхъумэ, си гуапэщ».

Цыхубэм фIыуэ ильэгъуэ уэрэд куэд, ди республикэм и мызакъуэу, къэрал псом щыIуа симфоние зыбжанэ, пшынатIэ Iэмэпсымэ зэмылIэужьыгъуэхэм яхуэгъэпса мызакьэ тхыгъэ Iадэжь зи Iадакъэм кьыщIэкIа Хьэлупэ Джабрэйлий и тхылъыр кьыхэIуех «Уэзы Мурат» уэрэдымкIэ. Джэбрэйлий итхы-жа мы уэрэдым и псалъэхэри макъамэри зейр ПащIэ Бэчмырзэщ. Апхуэдэу тхылъым кьыщыхьащ цыхубэ уэрэдхэр («Мартинэ», «Купсэ», «МуIэед», «Хьэтау»), и адэ Кьубэтий, и шыпхъу Нинэ, Щоджэнцыкьу Алий, Кьыщокьуэ Алим, Бештокьуэ Хьабас, Бахьуэ БетIал, Ацкъан Руслан, Кулиев Кьайсын, Балъкъэр Фоусэт, АфIэунэ Лиуан, нэгъуэщIхэмэ я псалъэхэр зыщIэхъэ уэрэдхэр. Абыхэм мымащIэу яхэтщ макъамэхэр зейм, псалъэхэр зыусам фэепIэ яхуищIыжа лэжьыгъэхэр.

- Зэман дэкIа нужь, блэкIам ехьэлIауэ лъэпкъым кьыщтэжьину игъэтIыпIыр уэрэдыр, усэр, литературэр, искусствэращи, мыбы щыщ зы уэрэд нэхъ мыхьуми лъэпкъым и щэнхабзэм кьыхэнэмэ, си насыпщ, - жеIэ Хьэлупэм.

ИСТЕПАН Залинэ.

Гуапагъэр зи Iэужьхэр

Мыгъэрей жэпуэгъуэ мазэр псапэ ящIэну зигу ильхэм пащIэ къэунэхуа хуэдэт. Абы зи ныбжь хэкIуэтахэм я махуэри нэщIыкIыж хьидри хиубыдащ. А эманым Къулыкьуэжьи Ищхьэрэ къуажэм и администрацэм и Iэтащхьэ Кумыщ Хьэмидбийр абы и лижьэгъуэмрэ псапэ куэд ялъжащ.

ЗИ НЫБЖЬ хэкIуэтахэм я махуэм ирихьэлIэу абыхэм къуажэм дэс нэхъыжьхэр ирагъэблагъэри ерыскъы Iэнэ къыхуащтащ, хъуэхъу дахэ жраIащ. КьинэмышIаэ, къуажэм дэс унагъуэ нэхъ хуэмыщIахэм хуагъэшащ сэхуран дагъэу литр щырыщ, фошыгъуэу килограмм тхурытху, пруджу килограмм тIурытI. Апхуэдэ жумартыгъэ яхэлъщ бэджэн дырылажьэхэу Жыгун ФуIэд, Кумыщ Хьисэ, Пщыхьэщхьэ Хьэлий сымэ. Зы пIэси кьанэркъым мы щIалэхэм унагъуэ хуэмыщIа хэр ямыгъэгуфIэу. Мы гъэм Пщыхьэщ Хьэлий унагъуи 10-м хьэцентнер зырыз яритащ. Кумыщ Хьисир нартыху центнер тIурытIкIэ унагъуинщIым яхуэупсащ. Жыгун ФуIэд сэхуран дагъэрэ нартыхухэ яхуэгъэпащ.

Къэбэрдей-Балькъэрым и Парламентым ди къуажэм и лIыкIуэу щыIэ Кьардэн Валери лъэныкъуэкIэ щытаккым. Сыт щыгъуи хуэдэу, ар жыджэру хэтащ кърахьэжьа Iуэху дахэм. Сэдэхъэрату Кьулыкьужьи Ищхьэрэм дэс цIыху 42-м Валерэ сом мин тхурытху яритащ. Абыхэм ящыщу администрацэм и унэм къэкIуэфахэм абдеж щиритащ, зэIущIэм кьемыкIуэлIэфахэм я унэхэм яхуихьыгъэ яхуигуэшащ, псалъэ дахэ яжриащ.

Гульытэ зыхуащIа псори ехьэхъэхъуащ мыпхуэдэ щIыхь жумартхэм. «Фи гъащIэр кIыхьу, нэщIэбжьэ фымыльагъуу, фи мылъку хьэлэлым псапэ хэфщIыкIыфу куэдрэ Тхьэм фигъэпсэу», - гум къыбгъэдэкI апхуэдэ псалъэхэмкIэ зыкьыхуагъэзэжащ кьуажэдэсхэм псапэр зи Iэрыкl щIалэхэм.

КЬЭЗАКЪ Сэфарбий,
Къулькъужьи Ищхьэрэ къуажэм и нэхъыжьхэм я советым и тхьэмадэ.

● Футбол

УЕФА-м и кубок. Гуп зэхьэзэхуэ

Етlуанэ зэIущIэ
Щэкlуэгъуэм и 8-м
(махуэжу)
«Абердин» (Шотландие) - «Локомотив» (Мэзкуу, Урысей Федерацэ)
«Ларисэ» (Алыдж) - «Зенит» (Санкт-Петербург, Урысей Федерацэ)
«Спартак» (Мэзкуу, Урысей Федерацэ) - «Байер» (Германие)

Премьер-лигэ

Ешlуанэ дзэгугъуэ
Щэкlуэгъуэм и 11-м
(тхьмахуэ)
«Рубин» - ЦСКА
«Локомотив» - «Кубань»
«Химки» - «Крылья Советов»
«Спартак-Налщык» - «Томь»
«Москва» - «Луч-Энергия»
«Сатурн» - «Зенит»
«Ростов» - «Амкар»
«Спартак» - «Динамо»

Европэм и чемпионатым и кIэух этеуэм хэтынуэр кьызэрыхьэу зэIущIэ
Щэкlуэгъуэм и 17-м
(щэбэт)
Израиль - Урысей Федерацэ
Щэкlуэгъуэм и 21-м
(бэрэжьей)
Урысей Федерацэ - Андоррэ

Чемпионхэм я лиг. Гуп зэхьэзэхуэ

Етхуанэ зэIущIэ
Щэкlуэгъуэм и 27-м
(тхьэбэ)
ЦСКА - ПСВ (Эйндховен, Голландие)

УЕФА-м и кубок. Гуп зэхьэзэхуэ

Ешlуанэ зэIущIэ
Щэкlуэгъуэм и 29-м
(махуэжу)
«Локомотив» - «Копенгаген» (Дание)
«Зенит» - «Нюрнберг» (Германие)
«Спарта» (Чехие) - «Спартак»

УЕФА-м и кубок. Гуп зэхьэзэхуэ

Еплlанэ зэIущIэ
Дыгъэгъазэм и 5-м
(бэрэжьей)
«Панатинаикос» (Алыдж) - «Локомотив»
«Эвертон» (Индж ылыз) - «Зенит»
Дыгъэгъазэм и 6-м
(махуэжу)
«Спартак» - «Цюрих» (Швейцарие)

Чемпионхэм я лиг. Гуп зэхьэзэхуэ

Екlуанэ зэIущIэ
Дыгъэгъазэм и 12-м
(бэрэжьей)
«Фенербахче» (Истамбыл, Тырку) - ЦСКА

УЕФА-м и кубок. Гуп зэхьэзэхуэ

Етхуанэ зэIущIэ
Дыгъэгъазэм и 19-м
(бэрэжьей)
«Тулузэ» (Франджы) - «Спартак».

КIэух зэIущIэхэр

Редактор нэхъыщхьэ ХьэфIыщIэ Мухьэмэд

РЕДАКIЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР: **ЖьэкIэмыхьу Мариндж** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Марий** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъуэрыкъ Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Жылаев Маритэ, Ныбжьк Таисэ, Уэрдокьуэ Жансурэт, Хьэжыкъар Алик, Шал Мухьэмэд.**



**ДИ Х